**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ПУҚАРАЛЫҚ ҲУҚЫҚЫ КАФЕДРАСЫ**

# КУРС Ж У М Ы С Ы

**Тема: Пуқаралардың мүлкий характерде болмаған ҳуқықларын пухаралық ҳуқықый қорғаў**

**Орынлаған:** 2 – курс студенти Абдуназаров А.

**Н Ө К И С – 2 0 1 3**

# М А З М У Н Ы

К и р и с и ў

**I-БАП. Жеке ҳуқықта «санкция» ҳәм «жуўапкершилик» түсиниклердиң өз-ара қатнасықлары ҳаққындағы улыўма теориялық мәселелер.**

§1. Жеке ҳуқықта санкция түсиниги ҳәм жуўапкершиликтиң түрлери

§2. Санкцияларды қолланыўдың ҳәм жуўапкершиликке тартыўдың шәртлери

§3. Хожалық-ҳуқықый жуўапкершиликтиң муғдары ҳәм оны төлеў тәртиби

**II-БАП. Айырым түрдеги хожалық шәртнамаларды бузғанлығы ушын санкцияларды қолланыў тәртиби.**

§1. Өнимди жеткизип бериў шәртнамасын бузғанлығы ушын санкцияларды қолланыў

§2. Контрактация шәртнамасын бузғанлығы ушын санкцияларды қолланыў

§3. Энергия менен тәмийнлеў шәртнамасын бузғанлығы ушын санкцияларды қолланыў ҳәм жуўапкершиликке тартыў

**Ж у ў м а қ л а ў**

Пайдаланылған әдебиятлардың дизими

# КИРИСИЎ

Өзбекстан Республикасының жаңа Пуқаралық кодексиниң қабыл етилиўи ҳәм оның жәмийетимиз турмысына еңгизилиўи Республикамызда әмелге асырылып атырған тереӊ мәнистеги сиясий, экономикалық ҳәм социаллық реформалардың ҳуқықый тийкарларын беккемлеўге ҳәм раўажландырыўға кеӊ имканиятлар жаратып бермекте. Себеби, бул ҳуқықый ҳужжеттиң тийкарғы мақсети - мәмлекетимизде жаңадан қәлиплесип атырған экономикалық қатнасықларды тереӊлестириў ҳәм жетилистириў болып, ол басқышпа-басқыш базар экономикасы қатнасықларына өтиў дәуиринде, физикалық ҳәм юридикалық тәреплердиң материаллық ҳәм руўҳый талапларын толығырақ қанаатландырыў мақсетинде мулкий ҳәм мүлкий характерде болмаған жеке (шахсий) қатнасықларды тартипке салыў ҳәм беккемлеўге қаратылған.

Мине, сонлықтан, Республикамызда тез пәт пенен раўажланып киятырған базар экономикалық қатнасықларын тәртипке салыныўында тийкарғы роль атқаратуғын ҳуқықый механизмлериниң бири болған шәртнамаларға ҳәм олардың ҳуқықый базасының дөретиўине үлкен әҳмийет берилип атыр. Хожалық жүргизиўши субъектлердиң ҳуқықый санасы ҳәм ҳуқықый мәденияты жоқары дәрежеде болыўының да күтә әҳмийетли орны бар. Себеби, қабыл етилген норматив-ҳуқықый ҳужжетлерди нәтийжели түрде турмысқа еңгизиў көп тәрептен жаңаша ҳуқықый сананы, ҳуқықый мәдениятты қәлиплестириў менен байланыслы болады[1].

Бул курс жумысында пуқаралық ҳуқықында жууапкершилик ҳәм санкцияларды қолланыў мәселелери ҳаққында кеңирек сөз етиледи. Қәнийгелик жумысының усы тема бойынша орынланыўынан тийкарғы мақсет етип, жууапкершилик ҳәм санкцияларды қолланыў мәселелерин үйренип шығыў, нызамшылықтағы кемшиликлерди анықлаў ҳәм усы тийкарда

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон иқтисодий ислоҳатларни чуқурлаштириш йўлида.–Т.: «Ўзбекистон», 1995. – 42 б.

анықланған машқалалардың шешимин табыўға ҳәрекет етиў алынды. Усы мақсеттен келип шыққан ҳалда төмендеги ўазыйпалар белгиленди:

- пуқаралық ҳуқықында санкциялар ҳәм жуўапкершиликтиң улыўма-теориялық мәселелерин ҳәм түсиниклерин үйренип шығыў;
- пуқаралық-ҳуқықый санкциялардың басқа санкция түрлеринен өзгешеликлерин ажыратыў ҳәм соның менен бирге, усы санкцияларды қолланыўда улыўма қағыйдаларды ҳәм жағдайларды анықлаў;
- әмелиятта пуқаралық-ҳуқықый санкциялардың қолланылыўы, теорияның (анықрағы, нызамшылықтың) әмелиятта қалай қолланылыўына анализ бериў;
- айырым пуқаралық-ҳуқықый шәртнамаларды бузғанлығы ушын санкцияларды қолланыў мәселелерин үйренип шығыў ҳәм шәртнама интизамын сақлаў бойынша илажлардың усынысын ислеп шығыў.

Солай етип, юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң шәртнамалық қатнасықлар бойынша алынған миннетлемелериниң өз ўақтында орынланыўы халық хожалығында оғада үлкен әҳмийтке ийе болып, ислеп шығарыўды раўажландырыў, меншик қатнасықларын беккемлеў, жәмийеттиң тез пәт пенен өсип баратырған материаллық ҳәм мәдений талапларын қанаатландырыўда атқарыўшы роль ойнайды. Себеби, ҳәр жәмийеттеги пуқаралық айланыстың раўажланыўы миннетлемелердиң тийисли дәрежеде орынланыўы менен тығыз байланысқан ҳәм оларды орынламаған жағдайларда нызамларда белгиленген жуўапкершиликлерге алып келиўи мүмкин. Сонлықтан, пуқаралық ҳуқықында жуўапкершилик ҳәм санкциялар ҳаққындағы түсиниклердиң өз-ара тығыз байланыслы екенлиги туўралы алымлардың пикирлериде бар[1].

Улыўма алғанда, пуқаралық ҳуқықы илиминде пуқарарлық-ҳуқықый жуўапкершилик түсиниги ҳаққында көп жыллар даўамында алымлар ортасында қызғын илмий дискуссиялар жүргизилип келинбекте. Бул мәселе бойынша

---

[1] Братусь С.Н. Юридическая ответственность и законность – М., 1976. – 83 б.

белгили илимпазлар С.С. Алексеев, С.Н. Братусь, И.Б. Закиров, Ҳ.Р. Рахманқулов, Ф.Ю. Шодмонов, Ш.М. Файзиев, В.А. Тарковлар ҳәм тағы басқалар өзлериниң илимий мийнетлеринде пикирлерин билдирип өткен.

Жоқарыда билдирилип өтилген пикирлерге тийкарланып ҳәм шартнамалық қатнасықларда миннетлемениң тийисли дәрежеде орынланыўын тәмийнлеўши механизм болған санкциялардың қолланыў әҳмийетин еспқа алып, қәнийгелик жумысында көрсетилген мәселелердиң әҳмийети ҳәм актуаллығын ашып бериўге, шартнамалық қатнасықларды ҳуқықый тәрептен еледе жақсылаў ҳәм жетилистириў бойынша пикирлеримизди ҳәм усынысларымызды ортаға қойыўға ҳәрекет еттик. Әлбетте, қәнийгелик жумысының көлеминиң шекленип қойылғанлығын ҳәм изертленип атырған мәселелердиң усы жумыс дөгерегинде қамтыў мүмкин емеслигин итибарға алатуғын болсақ, усы теманы келешектеги орынланатуғын жумысларда илимий мийнет сыпатында жеке түрде даўам еттириўге болады деп ойлаймыз.

Бул қәнийгелик жумысын жазыўда методологиялық тийкар сыпатында Өзбекстан Республикасы Президентиниң бағдарлаўшы мийнетлери, шығып сөйлеўлери, Өзбекстан Республикасы Конституциясы, Пуқаралық кодекси, басқа да бир қатар нызамлар, Президент пәрманлары, Министрлер Кабинети қарарлары, Пуқаралық ислер бойынша Жоқарғы Суды, Жоқарғы Хожалық Суды Пленумлары қарарлары хызмет етти. Тийкарғы теориялық негизи болса бир қатар юрист-илимпазлардың хожалық ҳуқықы, пуқаралық ҳуқықы (шәртнама ҳуқықы) бойынша жазған илимий мийнетлеринен ибарат болды.

Улыўма алғанда қәнийгелик жумысы кирисиў, тийкарғы бөлим (6 параграфтан ибарат II бап), жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен ибарат.

## I-БАП.

## ПУҚАРАЛЫҚ ҲУҚЫҚЫНДА САНКЦИЯ ҲӘМ ЖУЎАПКЕРШИЛИК ТҮСИНИКЛЕРДИҢ ӨЗ-АРА ҚАТНАСЫҚЛАРЫ ҲАҚҚЫНДАҒЫ УЛЫЎМА - ТЕОРИЯЛЫҚ МӘСЕЛЕЛЕР.

### §1. Пуқаралық ҳуқықында санкция түсиниги ҳәм жуўапкершиликтиң түрлери.

Санкция («sanctio») сөзи латын тилинен шыққан болып, «қатаң түрдеги қарар» деген мәнисти аңлатады.[1] Санкция ҳәзирги заман пуқаралық ҳуқықы бойынша нызам ҳәм шартнамаларда нәзерде тутылатуғын мүлкий жасаў шарасы болып, ол физикалық ҳәм юридикалық тәреплердиң өзлери тәрепинен дүзилген шартнамаларын тийисли дәрежеде ҳәм толық түрде миннетлемелердиң орынланыўының қаратылғанлығына айтылады.

Улыўма алғанда, жуўпкершилик ҳәм санкциялар түсиниклери өз-ара тығыз байланысқан. Себеби, пуқаралық ҳуқықый жуўапкершиликте қарыздар тәрепинен миннетлемениң орынланбаўы ямаса тийисли дәрежеде орынланбаў жағдайлары нәзерде тутылып, нызам яки шартнамада белгиленген санкция қолланылады. Бирақ пуқаралық-ҳуқықый жуўапкершилик түсиниги миннетлемедеги санкция түсинигинен әдеўир тар мәнисте түсиниледи, себеби онда қарыздардың жуўапкершилиги барлық жағдайларда тек мүлкий жуўапкершилик сыпатында көриниледи[1].

О.Э.Лейстиң пикири бойынша, санкция-бул ҳуқық бузарлықтың ақыбети болып, санкция қолланыўдан ибарат болған жуўапкершилик есапланады.[2] Ал белгили цивилист - илимпаз В.А.Тарков өзиниң илимий мийнетинде шахстың өзиниң ҳәрекетилери ҳаққындағы есабы, яғный ол пуқаралық ҳуқықый

---

[1] Ўзбекистон юридик энциклопедияси. Муаллифлар жамоаси. – Т., 2008. – 325 б.

[1] Zokirov I.B. Fuqarolik huquqi. Darslik. 1-qism. – T.: TDYuI, 2006.- 244 б.

[2] Лейст О.Э. Санкция и ответственность по советскому праву. – М.: МГУ, 1981. - 102 б.

жуўапкершиликти тәртипке салыныўшы миннетлеме деп тусиндирмекши болады.[3] Бирақ алымның бул пикири көпшилик цивилист - илимпазлар тәрепинен қоллап-қуўатланылған жоқ, себеби ҳәр бир шахс өзиниң ҳәрекетлери бойынша еспты ҳуқық бузарлық болмаған жағдайларда ҳәм бериўи мүмкиншилиги болады.

Ҳуқық тәлийматы бойынша санкция ҳуқықый норманың структуралық бөлеги болып табылады ҳәм ол пуқаралық ҳуқықы бойынша төменлегилерден ибарат:

1)ҳуқықый тәртипти ҳәм субъектив ҳуқықты қорғаў шарасы;

2)жуўапкершиликтиң шарасы.

Жуўапкершилик төмендеги уш белгилер менен ҳарактерленеди: мәмлекетлик мәжбүрлеў, ҳуқықбузар ушын унамсыз ақыбетлерге алып келиниўи ҳәм айыплы ҳәрекеттиң жазаланыўы (қараланыўы). Соңғы еки белгиниң бар болыўына қарамастан қолланатуғын санкцияларды қорғаў шараларына киритиўге болады. Оларға пуқаралық ҳуқықы бойынша төмендегилер киреди: дәслепки мүлкий жағдайына қайтарыў жолы менен питимди ҳуқықый емес деп тән алыныўы; инсаплы алыўшыдан мүликтиң виндикация етилиўи; реквизиция етиў; шартнамалық миннетлеме анық орынланыўы (өнимди толықтырып жеткизиў); зыянның төлениўи; ҳақықый емес тарқатылған, тийкарсыз шахстың арнамысын ҳәм қәдир-қымбатын төгиўши мағлыўматлардың бийкар етилиўи; илим, әдебият, өнер шығармаларға ҳәм тағы басқаларға авторлық ҳуқықының тән алыныўы.

Жоқарыда аталған қорғаў шараларының түрлери пуқаралық ҳуқық нормаларының бузылған жағдайларда олардың тиклениўин яки қайта тиклениўине, алдын алыныўына, ескертиўине қаратылғанлығын көрсетип турыпты. Демек, олардың айырым мәмлекетлик органлар (уйымлар) тәрепинен иске асырылатуғын болса, ал екиншилери пуқаралық ҳуқық субъектлерин

---

[3] Тарков В.А. Ответвенность по Советскому гражданскому праву. – Саратов,1973. – 8-11 бб.

өзлери (физикалық яки юридикалық тәреплер) тәрепинен әмелге асырылып барылады. Лекин барлық жағдайларда ҳәм мәмлекетлик мәжбурлеў шарасы қолланылады.

Улыўма түрде алып қарайтуғын болсақ, қорғаў шараларын пуқаралық ҳуқықый қатнасықларда қолланыў тәреплер ушын унамсыз жағдайларға алып келмейди. Мәселен, егер пуқаралық-ҳуқықый миннетлемелер орынланбай қалынса, ондағы қолланатуғын мәжбурий орынлаў менен белгиленеди. Сондай-ақ егерде нызам бойынша шахсқа тийисли болмаған ақша суммасын өндириўди де жаза түри деп қараўға болмайды. Мине сонлықтан қорғаў шарасында унамсыз ақыбетлердиң ҳәм жазалаўдың болмаўы оны жуўапкершилик шарасынан ажыратып турады.

Айрым илимий мийнетлерде қорғаў шарасының қолланылыўы ҳуқық бузарлық бар жағдайда, ҳуқық бузарларға қарсы қаратылғанлығын көрсетеди.[1] Бизиң ойымызша бул пикирлер надурыс есаплаймыз. Себеби: бириншиден, қорғаў шараларының көпшилиги ҳуқық бузарлықтың алдын алыў қолланылады (есапласыў қатнасықларын туўры ҳәм дурыс алып барыў мақсетде пул суммасының алдын ала төлениўи); екиншиден, көплеген қорғаў шараларын ҳуқық бузарлық болмаған жағдайларда да қолланады. (мәселен, инсаплы алыўшыдан мүликтиң виндикация етилиўи, авторлықтың тән алыныўы ҳәм т. б.).

Солай етип, қорғаў шараларының қолланыўдың юридикалық тийкары болып тәреплердиң нормативлик актлерде, шартнамаларда ҳәм тағы басқа ҳүжжетлерде өзлерине жүкленген миннетлемелердиң орынланбаўы (тийисли дәрежеде болмаған ҳәрекет яки ҳәрекетсизлик) есапланады. Демек, қорғау шаралардың қолланыўдағы социаллық мақсети юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң ҳуқықлардың ҳәм нызамлы мәплерин қорғаўдан ибарат.

---

[1] Красавчиков О.А. Проблемы гражданско-правовой ответственности и защиты гражданских прав. – Свердловск, 1973. – 11 б.

Улыўмаластырып айтқанда, пуқаралық ҳуқықында усы еки терминлердиң (жуўапкершилик шарасы ҳәм қорғаў шарасы) дурыс ҳәм орынлы қолланыў бойынша алымлар арасында бир неше пикирлер ҳәм усыныслар бар. Айырым илимпазлар оларды бириктирип айтыўы кереклиги ҳаққында пикирлерди усыныс етеди. Лекин алымлардың көпшилиги оларды ажыратып көрсетиў кереклигин мақул деп есаплайды. Себеби жуўпкершилик ҳуқықбузарлық болғанда жүзеге келетуғын болса, қорғаў шарасы айыптың ҳәм ҳуқықбузарлықтың составына (қурамына) қарамастан колланылыўы мүмкин. Мине усы жағдай көрилип атырған санкция түрлериниң тийкары өзгешеликлериниң бири болып табылады. Солай етип, жуўапкершилик ҳәм қорғаў шараларын ажратып көрсетилиўи теориялық ҳәм практикалық әҳмийетке ийе. Себеби олардың екеўи де биргеликте қолланылыў мүмкин[1]

Бизиң ойымызша белгили цивилист-алым И.Б.Зокиров тәрепинен миннетлемелердиң бузғанлығы ушын қолланатуғын санкцияларды ажратып көрсетиўи итибарға илайық деп ойлаймыз. Себеби санкциялар пуқаралық-ҳуқықый қатнасығында қатнасып атырған тәреплер өзлерине жуклетилген тийисли миннетлемелерди орынламаса яки нормал дәрежеде орынламағанда ҳуқық нормаларда муўапық қолланатуғын мажбүрлеў шарасы болып табылады ҳәм олар төмендегилерге бөлиниўи мүмкин:

1. Еркин түрде орынламаған уазыйпаны мажбүрий орынлаўға қаратылған санкция. Мәселен, алынған қарыз ақша еркин түрде төлемеген жағдайда оның мәжбурий өндириў мүмкин болады.

2. Шәртнамада көрсетилген миннетлеме орынланмағанда оны бир тәреплеме бийкар етиў ҳуқықын бериўге қаратылған санкция. Мәселен, ижарağа алыўы өз миннетлемесин орынламаған жағдайда ижараға бериўшиниң талабы менен шәртнама мүддетинен алдын бийкар етиўи мүмкин.

---

[1] Малеин Н.С. Правонарушение: понятие, причины, ответственность, - М.: «Юрид. лит.», 1988. – 152 б.

3. Миннетлемениң орынланыўы тәртибин өзгертиўден ибарат болған санкция. Мәселен, өнимди яки товарды алыўшы кәрхана алдынғы өнимлери яки товарлари ушын пул төлеуди кешиктирилгенлиги себебли өнимди яки товарды жеткизиўши оны (өнимди алыўшы) менен акцепт формасы бойынша есап-китап қылмай, ал қарыйдар-кәрханаға қолайсыз болған аккредитив формасы бойынша есапласыў тәртибине өтиўи мүмкин.

4. Инсаплы тәрепте болған миннетлемелер муғдарын азайтыўға қаратылған санкциялар. Оған мысал етип айтатуғын болсақ, қарыйдар өзине шәртнама шәртлерине муўапық болмаған затты тапсырған жағдайлрда, оның төлеў ҳаққысын тийисли азайттырыўға талап етип алыўын көрсетиўге болады.

5. Инсапсиз тәрептен мойнында болған миннетлемелер муғдарын асырыўға қаратылған санкциялар. Бундай санкция қолланылғанында миннетлемени бузған инсапсиз болған тәреп өзи ушын қолайсыз болған айырым ўазыйпаларды, қосымша миннетлемелерди орынлаўға мәжбүр етиледи. Мәселен, сыпатлы нәрсе орнына сыпатсыз затты тапсырған сатыўшы усы заттың кемшиликлерин дүзейтиў ушын яки оның кемшиликлерин жойытыў ушын қарыйдар тәрепинен жумсалған ҳужжетлерди төлеўи мәжбүр етилиўи мүмкин.

6. Мүлкий жуўакершилик шаралары сыпатында көрилетуғын санкциялар.[1]

Ҳәр бир жәмийетте көбирек ушырасатуғын сөзлердиң бири болып, «жуўапкершилик» сөзи табылады. Себеби ол ҳәр қыйлы аспектлерде қолланып келинбекте. Атап көрсететуғын болсақ, социаллық, мораллық, экономикалық ҳәм юридикалық (ҳуқықый) жуўапкершилик ҳаққында көбирек сөз етиледи.

Жоқарыда көрсетилген жуўапкершилик түрлериниң ишинде улыўмаластырыўшы ҳәрекетге ийе болған социаллық жуўапкершилик болып

[1] Zokirov I.B. Fuqarolik huquqi. Darslik. 1-qism. – T.: TDYuI, 2006. - 187, 188 бб.

табылады ҳәм ол өз ишине барлық жууапкершилик түрлерин алады, себеби олар социаллық жууапкершиликтиң формалары ғана есапланады.

Жәмийетлик турмыста «мораллық жууапкершилик» категорияси жүда әҳмийетке болып келген. Ол инсаният жәмийетиниң әдеп-икрамлылық нормаларының бузылған жағдайларда қолланылып, әдепсиз ҳәрекетти яки жүрис-турысты қаралаўдан ибарат болған. Одан басқа жууапкершиликтиң және бир түри болып, әдебиятларда ҳәм нызам шығарыўшылықта (нызамлықта) көбирек қолланатуғын экономикалық жууапкершилик есапланады. Соғанда итибар бериўимиз керек, экономикалық жууапкершилик түсиниги еки түрли болған мәнисте қолланылады. Демек, ол көбинисе «мүлкий жууапкершилик» түсиниги менен уқсас турде қолланылып келинеди. Туўры, ҳәкимшилик-буйрықпарлық басқарыў системасынан базар экономикасына өтиўде ҳуқық бузарларға мүлкий жууапкершиликти қолланыў тәсириниң әҳмийети өсип бармақта. Соның ушын экономикалық методларда ҳуқық бузарларға қолланылатуғын мүлкий жууапкешиликти юридикалық жууапкершиликтеги тийкарғы формаларынан биреўине айланыўына себеб болмақта.

Усы әсиримиздиң елиўинши ҳәм алпысыншы жылларында бир топар алымлар тәрепинен «экономикалық жууапкершиликке» юридикалық жууапкершиликтиң арнаўлы формасы сыпатында қараў усынылады. Бул идея өз ўақтында «хожалық ҳуқықы» тәрепдарлары тәрепинен кеңирек тарқатылып, хожалық шөлкемлерине басқа уйымлар тәрепинен қолланылатуғын мүлкий тәсир жасаўдың арнаўлы формасы, деп айтылып келинеди. Мәселен, стандартсыз өнимди ислеп шығарған жағдайларда оның басқасының орынлаў жобасы ҳаққындағы есаптан шығарылыўы ямаса материаллық-техникалық тәмийнлеўдиң жоболастырыў актын бузғанда мәмлекетлик бюджет есабына кәрханадан штраф өндирип алыў. Соның ушын бул жерде көбирек ҳәкимшилик-ҳуқықый жууапкершиликтиң тармақлары ҳаққында мудамы сөз етилип ҳәм оның нормалары қолланылып келинген болса, ал пуқаралық ҳуқықый жууапкершилик тийкарсыз шетлетип тасланды. Себеби халық

хожалығына тиккелей мәмлекет ҳәм оның уйымлары (Госплан, Госснаб сыяқлы уйымлар) тәрепинен бақарылып келинип еди. Ал ҳәзирги уақытта болса өз гезегинде экономикалық жуўапкершиликтиң де мазмуны өзгерип баратыр.

Юридика жуўапкершиликтиң өзине тән төрт белгилери бар:

бириншиден, ол ҳуқық нормасын бузыўшыларға қаратылған мәмлекетлик-мәжбүрий тәсир жасаўдың бир түри яки формасы;

екиншиден, юридикалық жуўапкершилик ҳуқық бузарлықты ислеген шаҳслар ушын қолланылады;

үшиншиден, ол ҳуқық бузыўшыларға тек ғана уәкиллик берилген мәмлекетлик ҳәм басқада уйымлар тәрепинен қолланылады;

төртиншиден, юридикалық жуўапкершилик нызамда белгиленген оның шараларынан турыўшы ҳуқық бузыўшыларға қолланылатуғын санкциялардан ибарат.

Солай етип, юридикалық жуўапкершилик ҳуқық бузыўшыларға мәмлекетлик-мәжбүрий тәсир жасаўдың итибарлы формасы болып табылады. Себеби оның менен қатар пуқаралардың хәрекетине тәсир жасаўдың ҳуқықта басқада формалары ҳәм методлары (усыллары) бар. Мәселен, жоқарыда көрсетилген белгилер жоқ болған ҳәм оның менен салыстырыўға болмайтуғын оператив тәсир жасаўдың шаралары, превентив ҳәм регулятив ҳарактердеги мәмлекетлик-мәжбүрлеў шаралары (илажлары).[1]

Пуқаралық-ҳуқықый жуўапкершилик жоқарыда юридикалық жуўапкершиликке берилген улыўма өзгешиликлерге ийе бола отырып, оның өзине тән өзгешиликлери яки қәсийетлери бар, себеби пуқаралық-ҳуқықый жуўапкершиликтиң айырмашылықлары пуқаралық-ҳуқықый нормалары менен тәртипке салынатуғын жәмийетлик қатнасықларға тийкарланады, оның методлары менен белгиленеди ҳәм усы қатнасықлар оның предмети болып табылады.

---

[1] Грибанов В.П. Ответственность за нарушения гражданских прав и обязанностей. – М., 1973. - 38-39 бб.

Айрым цивилистлердиң пикиринше, мүлкий жуўапкершилик юридикалық жуўапкершиликтиң бир бөлеги есапланады. Лекин, Ф. Шодмановтың пикиринше, миннетлемениң орынланбағанлығы ушын мүлкий жуўапкершилик юридикалық жуўапкершиликтиң бир бөлеги деп болмайды, себеби пуқаралық - ҳуқықый миннетлемеде мүлкий жуўапкершилик тийкарғы орынды ийелейди[1].

Солай етип, пуқаралық - ҳуқықый қатнасықлардың тийкарларын мүлкий қатнасықлар қурайды. Сондай-ақ пуқаралық-ҳуқықый жуўапкершилик ҳуқық бузыўшыға экономикалық тәсир жасаў функциясын атқарады. Демек, ол жәмийетлик қатнасықларды экономикалық ретлестириўдиң бир методы сыпатында көзи тасланады.

Хабарыңыз бар, пуқаралық ҳуқық тек мүлкий қатнасықларды ғана емес, ал оның менен тиккелей тығыз байланыста болған шахсый (жеке) мүлкий емес қатнасықларды да тәртипке салады. Соңғы жылларға шекем жәмийетшиликте жеке (шахсый) мүлкий емес қатнасықлар мүлкий баҳаланыўға болмайды деген пикир айтылып келинди. Бирақ өмир нызамлары соны көрсетип атыр, егер пуқара яки шөлкемниң шахсый (жеке) мүлкий емес ҳуқықлары бузылған жағдайда олар ушын қолайсыз болған мүлкий ақыбетлери алып келинетуғынлығы сезилип атыр. Мысалы, егер пуқара шығармаға берилетуғын авторлық ҳуқықтан тийкарсыз бас тартқан жағдайда, ол нызам бойынша өзине тийисли болған авторлық гонорардан айрылып қалыў мүмкин яки ол ҳаққында жалған мағлыўматлар тарқатылса, пуқаралық жумысқа орналасыўынада ямаса исбилерменлик пенен шуғылланыўында қыйыншылықлар болыўы мүмкин.

Сонлықтан жаңа пуқаралық нызамшылық мораллық зыянды төлеўди талап етиў ҳуқықын нәзерде тутып, пуқараға ямаса шөлкемге нызамсыз ҳәрекетлер ақыбетинде келтирилген физикалық ҳәм мораллық ҳәсиретлерди тиклеўге имканият жаратып берди.

---

[1] Шодманов Ф., Рахимова Ю. Шартнома мажбуриятларининг бузганлиги учун жавобгарлик тушунчаси ва аҳамияти. // Ўзбекистон қонунчилиги таҳлили. – 2006, №2. – 50 б.

Пуқаралық ҳуқық тең ҳуқықлы ғәрезсиз (еркин) болған товар ийелериниң қатнасықларын тәртипке салады. Себеби пуқаралық ҳуқықый қатнасықлар партнерлар (шериклер) арасындағы тең ҳуқықлы қатнасықларға тийкарланып дүзилген болып, онда бир тәрептиң ҳуқықының бузылғанлығы екинши тәрептиң ҳуқықларының бузылыўына алып келеди. Сондй-ақ мүлкий санкциялар жәбир көрген тәрептиң пайдасына шешиледи ҳәм айырым жағдайларда әмелдиң нызамларға муўапық, зыянды төлеў жәмийеттиң яки мәмлекеттиң пайдасына да өткизиў ҳуқық бузыўшыға жүкленип қойылады.

Улыўма айтқанда, пуқаралық ҳуқықы нормалары менен тәртипке салынатуғын товар қатнасықлары эквивалентли-төлемли ҳарактерге ийе ҳәм пуқаралық ҳуқықый жуўапкершилик жәбиркешке келтирилген зыянды төлеў де эквивалентли ҳарактер тийкарында әмелге асырылады. Демек, пуқаралық ҳуқық бойынша жуўапкершиликтиң өзине тән ҳарактерли өзгешилиги компенсациялық (өндирилип алыўдан) ҳарактерден ибарат ҳәм оның мақсети жәбиркештиң яки жәбир көрген тәрептиң мүлкий жағдайын тиклеўге бағдарланғанлығы болып табылады.

Жоқарыда көрсетилген жағдайлар өз гезегинде пуқаралық-ҳуқықый жуўапкершиликтиң шегарасын ҳәм муғдарын анықлап береди. Солай етип, келтирилген зыянды төлеў толық муғдарда өндирилиўи менен бир қатарда нызамларда белгиленген тәртип бойынша айрым шеклениўди нәзерде тутады.

Пуқаралық-ҳуқықый қатнасықлардағы тәреплердиң ҳуқықый тең ҳуқықлығы юридикалық жуўапкершиликтиң беккемлениўине ҳәм де олар ушын тәрбиялық ҳәм қызықтырыўшы рольди атқарады. Себеби жуўапкершилик миннетлеме талапларының өз уақтында ҳәм дурыс орынланыўын тәмийинлейди. Бир тәрептен жуўапкершилик шәртнамалық қатнасықлардың абыройын беккемлейди ҳәм ондағы қатнасыўшы тәреплердиң белгиленген ҳарактерлерди ислеўин, оларды басшылыққа алыўын көрсетип береди. Демек, С.Н.Братусьтиң туўры көрсеткениндей «юридикалық жуўапкершилик белгиленип қойылған

уазыйпаларды мәмлекетлик мәжбүрлеў тийкарында орынлаў болып табылады»[1]. Ал ҳәзирги базар қатнасықларына өтиў дәўиринде пуқаралық-ҳуқықый жуўапкершилик шартнамаларда көрсетилген санкциялардың тәсири негизинде тәреплердиң миннетлерди орынлаў есапланады.[2]

Пуқаралық жуўапкершиликтиң түрлерине келетуғын болсақ, ол өзиниң тийкарларына муўапық шартнамалық ҳәм шартнамалық емес болып екиге бөлинеди. Шәртнамалық миннетлемелерге тийисли болған ҳуқықый институтлар қатарына алды-сатты, өнимди жеткизип бериў, қарыз, контрактация, подряд (кесип алыў), мүлик ижарасы, жук ҳәм жолаўшылар тасыў ҳәм тағы да басқа көплеген шәртнамалар негизинде болатуғын қатнасықларды тәртипке салатуғын ҳуқықый нормалар киретуғын болса, ал шәртнамалардан тысқары болған (шәртнамалық емес) ҳуқықый институтларға зыян тийгизиўден келип шығатуғын миннетлемелер, мал-мүлкти тийкарсыз алып қалыў ҳәм усылар сыяқлы ҳуқықый нормалар киреди.

Шәртнама мүлкий ҳуқық ҳәм миннетлемелердиң пайда болыўына тийкар салады. Солай етип, шәртнамалар исбилерменлик ҳәрекетлерди тәртиплестириўде тийкарғы қурал есапланады.

Шәртнаманың шәртлерин бузыўды алдын алыў ҳәмде өзлестириўдиң тийкарғы жолларынан, қуралларынан бири – ҳуқықый жуўапкершилик нормаларын қоллаў, сондай-ақ, усындай түрдеги ҳуқықбузыўшылықлар ушын жаза шараларынан пайдаланыў. Тәжрийбемиз соны көрсетеди, айырым шәртнамалық миннетлемелерди орынлаўшылар оларды орынлаўға немқурайы қарайды[1].

Ҳ.Р. Рахманкуловтың пикири бойынша, «шәртнамалық миннетлемелерди бузғанлық ушын жуўапкершилик шаралар шөлкемлер,

---

[1] Братусь С.Н. Юридическая ответственность и законность – М.: «Юрид. лит.», 1976. – 4 б.

[2] Рахманкулов М.Х. Роль и сущность гражданско-правового договора в условиях рыночной экономики. – Т.: «Фан», 1994. – 116 б.

[1] Шодманов Ф., Рахимова Ю. Шартнома мажбуриятларининг бузганлиги учун жавобгарлик тушунчаси ва аҳамияти. // Ўзбекистон қонунчилиги таҳлили. – 2006, №2. – 50 б.

кәрханалардың мүлкий мәплерин қорғаўды тәмийинлейди, бузылған ҳуқықларды тиклеў ушын имканият жаратады, усы ҳуқықты бузғанларға нызамлы талаплар қойыўға имканият береди»[1].

Шәртнама тәреплериниң өз-ара ықтиярый келисими болғанлығы ушын шәртнамалық миннетлемелерди орынланбағанлығы яки лазым дәрежеде орынланбағанлығы ушын шәртнамада басқаша жуўапкершилик шараларды-да көзде тутыўы мүмкин. Бирақ бул шәртлер екинши тәрептиң экономикалық мәплерине зыян келмеслиги, оның ҳуқықларын бузбаслығы лазым[2].

Ҳәмемизге мәлим пуқаралық ҳуқықы бойынша ҳәр бир миннетлемеде еки тәрип - кредитор ҳәм қарыздар, лекин айырым жағдайларда миннетлемеде кредитор яки қарыздар тәрепинде ямаса ҳәр еки тәрепте ҳәм бирнеше шаҳслардың қатнасыўы мүмкин. Сонлықтан бундай миннетлемелер көп тәрепли миннетлемелер деп аталады. Соның ушын миннетлемелерде көпшилик болып қатнасыўшы тәреплер актив ҳәм пассив қатнасыўшыларға ажыратылыўы мүмкин. Демек, миннетлемеде көпшилик болып кредитор тәрепинде қатнасыўшы шаҳслар актив қатнасыўшылар деп аталатуғын болса, ал қарыздар тәрепинен қатнасыўшы шаҳслар пассив қатнасыўшылар деп аталады. Егер миннетлемелерде қатнасыўшы шаҳслар ҳәр еки тәрепте ҳәм көпшилик болып қатнасатуғын болса, олар аралас қатнасыўшылар деп аталады.

Көп тәреплер қатнасатуғын миннетлемелер бойынша пуқаралық-ҳуқықый жуўапкершилик екиге бөлинеди, яғный, үлесли ҳәм шериклик. Үлесли жуўапкешиликте қатнасыўшы кредитолардың ҳәр бири қарыздарға тийисли үлестиң орынланыўын талап етиў ҳуқықына ийе болатуғын болса, ал үлесли қарыздарлардан ҳәр бири өзине тийисли үлести орынлаўға мәжбүр болады. Пуқаралық кодекстиң 251-статьясында көрсетилгениндей, егер үлесли миннетлемеде бир неше кредитор яки бир неше қарыздар қатнасатуғын болса, ал нызам яки шартнамада басқаша тәртип белгиленип қойылмаған болса, ондай

---

[1] Рахманкулов Ҳ.Р. Договорные отношения в агропромышленном комплексе. – Т.: «Фан», 1989. – 90 б.
[2] Синдаров К. Фермерлар хуқуқини ҳимоя қилишда шартномаларнинг ўрни. – Т.: «Адолат», 2001. – 18 б.

жағдайда ҳәр бир кредитор миннетлемени басқалар менен тең үлеслерде орынлаўды талап етиўге ҳақлы, ал ҳәр бир қарыздар болатуғын болса усы талапты орынланыўы шәрт.

Шериклик (солилар) жуўапкершиликке тийкарынан алғанда крелитор миннетлемениң толық муғдарда яки көлемде орынланыўын шерик қарыздарлардың ҳәр қайсысынан талап етиўге яки шерик кредиторлардың ҳәр бири қарызлардан миннетлемениң пүткиллей орынланыўын талап етиўге ҳақылы.

Жоқарыда берилген анықламаға муўапық, шериклик жуўапкершиликте қатнасыўшылар сыпатында қарыздар тек биреў болатуғын болса, ал кредиторлар бирнеше болыўы яки бирнеше кредитор ҳәм бирнеше қарыздар болыўы мүмкин.

Шериклик жуўапкершиликте кредитордың талаплары яки қарыздарлардың миннетлемелери, үлеслерге бөлинбейди. Бирақ кредиторлардан биреўи яки бир нешеўи қарыздың жартылай орынланыўын талап етиў ҳуқықына ийе болады. Шериклик принципи тийкарында белгиленетуғын жуўапкершилик қарыздардың биреўи тәрепинен орынланбағанда оның ушын басқа шерик қарыздар жуўапкер болады ҳәм, керисинше, шерик қарыздарлар орынланбаған миннетлемениң орынланыўын усы қарыздарлардың биреўинен талап етилиўге ҳәм мүмкин.

Пуқаралық кодексин 252-статьясына муўапық, қарыздарлардың шериклик жуўапкершилиги белгиленгенинде кредитор миннетлемениң қарыздарлардың ҳәммесинен биргеликте, сондай-ақ ҳәр қайсысынан айырым-айырым жағдайда толық яки жартылай (бөлек) орынланыўын талап етиўге ҳақылы болады. Усы менен қатар шерик қарыздарлардың биреўинен толық түрде өндирип алынбаған болса, онда кредитор алынбаған қарызын басқа шерик қарыздарларан талап етиўге ҳақылы. Сонлықтан қарыздарлар қашан миннетлеме орынланып болынбағанша олар қарыздар болып қалады.

Аралас шериклик миннетлемелерде бир уақыттың өзинде бир неше кредитор ҳәм қарыздар тәреп қатнасыўы мүмкин. Бундай миннетлемени орынлаў тәртибин актив ҳәм пассив шериклик миннелемелерин орынлаў деп ҳәм аталады.[1] Мәселен, жеке меншик ҳуқықы тийкарында турақ-жайға ийе болған бир неше пуқара ремонтшылар бригадасы менен подряд (кесип алыў) шәртнамасын дүзген болса, олардан ҳәр бири миннетлемениң толық көлемде орынланыўын бригададағы ҳәр қайсы ағзасынан талап етиўге ҳақылы.

Қосымша (субсидар) жуўапкершилик тек қарыздарлар тәрепинде пайда болады. Демек, миннетлеме тийкарғы қарыздар тәрепинен орынланбағанда кредитор оның орынланыўын қосымша қарыздардан талап етиўге ҳақылы. Субсидар жуапкершилик тийкарлары пуқаралық кодексиниң 329-статьясында нәзерде тутылған. Усы статья режелерине муўапық, тийкарғы қарыздар болған басқа тәрептиң жуўакершилигине қосымша түрде жуўапкер болған (субсидар жуўакершилик) шахсқа талаплар қойыўдан алдын кредитор тийкарғы қарыздардың өзине талап қойыўы керек. Ал егер тийкарғы қарыздар кредитордың талабын қанаатландырыўдан бас тартса еки кредитор оған қойылған талапқа белгиленген мүддет ишиннде жуўап алмаған болса, усы талап субсидар жуўапкер болған тәрепке қойылыўы мүмкин.

Солай етип, қосымша жуўапкершилик нызам яки шәртнамаларда көрсетилген жағдайларда ғана пайда болады. Атап көрсететуғын болсақ, он жастан он сегиз жасқа шекемги жас өспирим тәрепинен жеткизилген зыян ушын олардың ата-аналары, қәуиндерлери қосымша жуўапкер болады.

Регресс - пуқаралық ҳуқықында қайтарыў мәнисин, мәселен, биреў ушын төлеген пулдың қайтарылыўы ҳаққындағы талапты аңлатады. Соның ушын регресс жуўапкершилик деп бир тәреп екинши тәреп ушын үшинши шахс орынлаған миннетлемени қайтарыў ҳаққында талап етиў ҳуқықына айтылады. Усы талапта да басқа миннетлемелер сыяқлы еки тәреп қатнасады. Бул

---

[1] Zokirov I.B. Fuqarolik huquqi. Darslik. 1-qism. – T.: TDYuI, 2006. – 196 б.

нызамларда көрсетилиўине қарағанда, мәселен, қарыз шәртнамасына муўапық, қарыздарлардан бири қарызды толық түрде төлеген болса, қарыз миннетлемеси бийкар болады. Лекин басқа қарыздарлар ушын қарызды төлеген қарыздар шериклери ушын орынлағанларын қалған қарыздарлардан өндирип алыў ушын регресс талап етип алыўға болады. Егер миннетлемени толық түрде орынлаған қарыздар ол ҳаққында басқа шерик қарыздарларын хабар етип мәлимлемесе, шерик қарыздарлар миннетлемени орынлаған болса, зыян көрген қарыздар қалған қарыздарларға регресс даўасын қозғалтыўға ҳақысы жоқ. Ол тек ғана кредиторға оның тийкарсиз алғанларын қайтарыў туўралы даўа бериў мүмкин. Сондай-ақ регресс жуўакершилик халық хожалығындағы кәрханалар арасындағы қатнасықларда кең тарқалған. Себеби, пуқаралық-ҳуқықый жуўапкершиликтиң түри болған, регресс жуўапкершилиги ҳәр бир хожалық жүргизиўи субъекттиң өзиниң миннетлемесиндеги жуүапкершиликти асырады ҳәм ол белгили бир әҳмийетке ийе.

## §2. Пуқаралық-ҳуқықый санкцияларды қолланыўдың ҳәм жуўапкершиликке тартыўдың шәртлери.

Қарыздар тәрепинен миннетлемениң пүтинлей орынланбаўы ямаса тийисли дәрежеде орынланбаўы нызмға қарсы қаратылған ҳәрекет яки ҳәрекетсизлик болып есапланады. Оның ушын улыўма реже сыпатында тек белгили бир шәртлер болғанда ғана қарыздарды, яғный миннетлемени бузған шахсты мүлкий жуапкершиликке тартылыўы белгиленип қойылады.

Пуқаралық ҳуқықында көп жыллар даўамында қәлиплескен дәстүр бойынша, миннетлемени бузғанлығы ушын қарыздардың яки зыян жеткизиўшиниң жуўапкершиликке тартылыўы ушын төрт шәртлери болыўы көрсетилген. Оларға төмендегилер киреди: биринщиден, нызамға қарсы ҳәрекет яки ҳәрекетсизлик; екишиден, зыянның жеткизилиўи; үшиншиден, нызамға қарсы ҳәрекет яки ҳәрекетсизлик нәтийжесинде пайда болған зыянлар

ортасында себепли байланыстың болыўы ҳәм төртиншиден, қарыздардың яки зыян жеткизиўшиниң айбының болыўы.

Қарыздарға мулкий жуўапкершиликти белгилеўден алдын, яғный кредиторға жеткизилген зыянды одан өндирип алыўдан алдын суд ҳәр бир анық жағдайда, усы зыянлар қарыздардың өз миннетлемелерин бузыўдан болғанлығын-болмағанлығын анықлаўы, яғный қарыздардың нызамға қарсы ҳәрекети яки ҳәрекетсизлиги менен кредитордың зыянлары ортасында (арасында) себепли байланыстың болыўы-болмағанлығы анықланыўы лазым. Мәселен, егер темир жол транспорт кәрханасы жүк алыўшыға зыян жеткерилген жүкти жеткизип берсе, суд кредиторға бундай зыянды ким тәрепинен жеткизилгенлигин, өнимди жибериўши шөлкем яки темир жол кәрханасы тәрепинен жеткизгенлигин, бундай зыянды сыпатсыз товар жибериўши шөлкемниң айыбы нызамға қарсы ҳәрекет пенен болған-болмағанлығын яки тасыў ушын қабыл етилген жүктиң жолда сақланыўын тәмийинлемеген темир жол кәрханасының ҳуқыққа қарсы ҳәрекетлериниң болғанлығын-болмағанлығын анықлаўы лазым.

Пуқаралық кодекстиң 324-статьясында белгиленип қойылғанындай, қарыздар миннетлемени орынламағанлығы яки лазым дәрежеде орынлағанлығы себепли кредиторға жеткизилген зыянды төлеўи шәрт. Усыдан шәртнама менен белгиленетуғын миннетлеме қатнасықларында ҳәм себепли байланыс машқаласын қойыў ҳәм оны шешиў зәрүрлиги келип шығады.[1]

Пуқаралық ҳуқықы бойынша әдебиятларда себепли байланыс ҳаққындағы мәселени анализ етиўде ҳәмме авторлар бир аўыздан төмендеги илмий режелерге тийкарланады.

Бириншиден, тәбиятда ҳәм жәмийетте ҳәр бир ҳәдийсе тек ғана әтираптағы басқа ҳәдийселер менен байланыслы жағдайда алып қаралыўы мүмкин. Ҳәр бир ҳәдийсениң келип шығыўы әтираптағы ҳәдийселер менен

[1] Zokirov I.B. Fuqarolik huquqi. Darslik. 1-qism. – T.: TDYuI, 2006. – 248, 249 бб.

байланыслы болыўы, бир ҳәдийсениң келип шығыўына екиншисине себеп болыўы, усы менен бирге бир ҳәдийсениң өзи басқа бир қатар себеплер арқалы пайда болыўы мүмкин.

Екиншиден, тәбият ҳәм жәмийетте байланыс -себепли ҳәдийселер арасындағы объектив түрде бар болған байланыслықлардан ибарат болып табылады. Бундай байланыслықлар адамлар тәрепинен үйренилип, практикада яки әмемий түрде тексирилип көриледи.

Жоқарыда көрсетилип өтилген режелерге тийкарланып, суд себепли байланыс ҳаққындағы мәселени шешиўде усы нәтийженин, яғный кредитор зыянларының пайда болыўында қарыздардың нызамға қарсы ҳәрекети яки ҳәрекетсизлиги арқалы болған басқа жағдайлар ортасында қандай роль ойнайтуғынлығын итибарға алыўы, өзиниң шешиўши жуўмағында-усы ҳәдийсеге субъектив түрде берген бақасынан емес, ал объектив түрде бар болған нызамлықларға әмел етиўи, ҳәр бир конкрет исти шешиўде барлық әҳмеийитли жағдайларды ажыратып алыўы лазым.

Белгили бир нәтийже қатар себеплердиң ақыбети болыўы мүмкинлиги себепли ҳәр қандай нызамға қарсы ҳәрекетсизлик, кредитордың зыян көриўине байланыслы болған қарыздардың ҳәр қандай ҳәрекети ҳәм ҳуқықый әҳмийетке ийе, яғный оның ушын жуўапкершиликке туўдыратуғын ҳәрекет болыўы-болмаслығы мәселеиин шешиўде роли бар. Себепли қашан нәтийже яки ақыбети, яғный кредиторға зыян жеткизилиўи қарыздардың нызамға қарсы ҳәрекети яки ҳәрекетсизлигинен тиккилей пайда болғанлығы мәлим болса, онда мәселениң шешилиўи онша қыйыншылықты туўдырмайды.

Жоқарыда келтирип өтилген теориялық түсиникти төмендеги мысал менен түсиндириўге болады. Мәселен, мебель фабрикасына қараслы жүк көтерген автопарк машинасында тасылыўы нәтийжесинде өрт пайда болып, фабрикаға мүлкий зыян жеткизиледи. Даўа исиниң хожалық судында көрилгенде автопарк өрт болыўында өзиниң айыбы жоқлығын дәлийлеп бере

алмады. Демек, фабриканың машинасындағы өрт нәтийжесинде көрген зыянның төлеўге автопарк мәжбүр болады.

Улыўма алғанда, қарыздардың нызамға қарсы ҳәрекети ҳәм ҳәрекетсизлиги менен пайда болған нәтийже арасындағы себепли байланыс қарыздардың миннетлемени пүткиллей орынламағанлығы ямаса лазым дәрежеде орынламағанлығы ушын жуўапкершиликке тартылыўы объектив тийкар болады. Усы менен бирге нызам жуўапкершиликтиң субъектив тийкарын ҳәм яғный қарыздардың айыбын ҳәм нәзерде тутады.

Миннетлеме орынламағанлығы ушын қарыздардың жуўапкершилигин белгилейтуғын шәрт сыпатында көрилетуғын айып нызамда нәзерде тутылған. Соның ишинде, Пуқаралық кодекстиң 333-статьясында көрсетилгендей, қарыздар айыбы болған жағдайда миннетлемени орынламағанлығы ямаса оны тийисли дәрежеде орынламағанлығы ушын, егер нызам ҳүжжетлеринде ямаса шәртнамада басқаша тәртип белгиленип қойылмаған болса, жуўап береди. Ал егер миннетлемени ҳәр еки тәрептиң айыбы менен орынламаған болса, ондай жағдайда суд ямаса хожалық суды қарыздардың жуўапкершилигин тийисли дәрежеде қысқартыўы мүмкин.

Жоқарыда айтып өткенимиздей, алынған миннетлемелердиң кәрханалар тәрепинен ҳәм лазым (тийисли) дәрежеде орынланыўы ушын барлық материаллық шәрт-шәраятлар бар. Оның ушын қарыздардың өзиниң қабилетлерин ҳәм имканиятларын тийисли дәрежеде әмелге асырыўын талап етиледи.

Сонлықтан миннетлеменилерди тийисли дәрежеде орынлаў ушын барлық имканиятлардан пайдаланыў, оларды орынлаўда пайда болыўы мүмкин болған қыйншылықларды қапластырыўы ушын ҳәр еки тәрептиң қарыздар ҳәм кредиторың да мәлим дәрежеде инта көрсетиўи, дыққат пенен жумыс ислеўи, белсендилик пенен ҳәрекет етиўлери зәрүр.

Ҳәзирги өтиў дәўиринде хожаклық жүргизиўши субъектлер өзине тийисли болған миннетлемелерди орынлаўы ушын өзлеринде болған ишки

имканиятларды иске қосыў, ҳәм олардан имканиятларын барынша толық түрде пайдаланыўлары, ислеп шығарыў технологиясын жетилистириўи, мийнет өнимдарлығын асырыўлары, үскенелерден, ишки затлар ҳәм материаллардан нәтийжели пайдаланыў бойынша жаңаша ойлаўды талап етип атыр. Себеби егер қарыздар өз еркин, дөретиўшилигин, күшин қастап жумсамағанлығы яки оған бийпаруалық пенен қарағанлығы нәтийжеде миннетлеме пүткиллей орынланбаса оның айыбы болмағанлығы анықланады ҳәм оның ушын мүлкий жууапкершиликке тартылыўы лазым болады.

Соның ушын шәртнамадан келип шығатуғын миннетлемелерге тийисли айып ҳаққында сөз етер екенбиз, айып усы шаҳстың миннетлемени орынлаўға талап етилетуғын қатнаста болмағанлығын, нызам ҳәм мораллық талапларға муўапық дәрежеде басшылыққа алмағанлығы ҳәм лазым дәрежеде орынламағанлығын түсинемиз[1].

Пуқаралық ҳуқықы миннетлемелерди пүткиллей орынламағанда ямаса лазым дәрежеде орынламағанда ҳәм усы менен ҳуқық нормаларын бузыўда айыплы болған пуқара ҳәм юридикалық тәреплерге ҳәм мүлкий жууапкершиликти жүклеў жолы менен тәрбиялық уазыйпаны әмелге асырады. Себеби пуқаралық ҳуқықы пәнинде айып яки қастан ямаса ихтиятсызлық (бийпаруалық) формасында қаралады ҳәм сәўлелениўи мүмкин.

Улыўма алғанда, қастан айыплы болыў формасындағы шаҳс миннетлемени сапалы түрде, биле тура орынламайды. Лекин пуқаралық оборотта (айланыста) миннетлемени орынлаўға деген бундай қатнасықта болыўы тек айырым жағдайларда ғана ушырасып турады. Улыўма реже сыпатында алып қарайтуғын болсақ, кәрхана ҳәм пуқаралар өзлерине алған миннетлемелерди орынлаўға болған қарым-қатнасығы сапалы рәўиште болады.

---

[1] Раҳимов А. Тўлов интизоми ва жавобгарлик.//«Хўжалик ва ҳуқуқ». – № 6, 2003. – 15-17 бб.

Әмелдеги нызамларға муўапық, миннетлемелердиң айырым түрлери бойынша қастыянлық пенен белгиленетуғын айып нызам ҳужжетлеринде тиккелей нәзерде тутылады. Кәрханалар тәрепинен миннетлемелердиң қастыянлық пенен орынламағанлығы олардың пуқаралық ҳуқықый ямаса мулкий жуўапкешиликке тартылыўына айырым жағдайларда лаўазымлы шаҳсларлардың жынайый жуўапкершиликке ҳәм тартылыўына тийкар болыўы мүмкин.

Бийпаруалық түриндеги айып төмендегише белгиленип көрсетиледи, онда қарыздар миннетлемени орынлаўға умтылмайды, ҳәрекет ислемейдыи оның ушын барлық күш ҳәм имканиятларын жетерли дәрежеде жумсамайды, жумысты орынлаўда дыққатсызлыққа, итибарсызлыққа жол қойыўы мүмкин.

Хожалық судларына пуқаралық ҳуқықый ҳәрекетлерде болған ислерди шешиўдеги барлық жағдайларда юридикалық тәреплердиң айыбы ҳаққындағы мәселени тексериўге, оны анализ ислеўге туўры келеди. Юридикалық тәрептиң айыбы болыўы-болмаслығы ҳаққындағы мәселени көриўде судтан кәрхана, мекеме ямаса шөлкем тийисли шараятларда миннетлемени орынлаў ушын максимал дәрежеде барлық күш ҳәм интасын көрсетилген-көрсетпегенлигин, оның ушын базар экономикасы системасында болған кең имканиятлардан пайдаланғанлығы-пайдаланбағанлығын итабарға алыў талап етиледи. Себеби кәрхананың ямаса шөлкемнин айыбы - олар тәрепинен берилген уәкилликлер көлеминде ҳәрекет етиўши уәкиллердиң, тийисли хызмет уазыйпаларын орынлаўшы хызметкерлердиң айыбы менен белгиленеди.

Сонлықтан юридик тәреп шәртнама бойынша алынған миннетлемени орынламағанлығы ямаса лазым дәрежеде орынламағанлығы ушын мүлкий жарийманы (санкция) төлеп болғаннан соң өзиниң төлеген суммаларды регресс ҳуқықы тәрепиден миннетлемени орынламағанлық да яки тийисли дәрежеде орынламағанлықта айыплы болған хызметкерлерден толық түрде ямаса жартылай түрде өндирип алыўы мүмкин. Бундай жағадайларда тийсли болған хызметкердиң жеке жуўапкершилиги ҳаққында сөз етиледи. Хызметкердиң

жуўапкершилиги пуқаралық ҳуқық нормалары менен тәртипке салынбайды, ал ол мийнет ҳуқықы, ҳәкимшилик ҳуқықы ҳәм гейпара жағдайларда жынаят ҳуқықы нормалары менен ҳәм тәртипке салыныўы мүмкин. Мәселен, Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 202-статьясындағы 6 пунктке муўапық хызметкер коммерциялық сырларын әшкәра еткенлиги ушын толық түрде материаллық жуўапкер болады ҳәм оның нәтийжесинде жеткизилген зыянды толеўи шәрт.

Экологиялық нызамшылықты бузығанлығы ушын ҳуқықый жуўапкершилик механизминде мүлкий жуўапкершиликтиң роли ҳәм әҳмийети үлкен. Мүлкий жуўапкершилик экологиялық-ҳуқықый нормаларды бузғанлығы ақыбетинде тәбийи орталыққа келтирилген зыянды юридикилық ҳәм физикалық шаҳсларға миннетлемелерди жүклеўинде сәўлеленеди. Улыўма тамырларына ҳәм квалификациялайтуғын белгилерине ийе болған интизамий, ҳәкимшилик ҳәм жынайый жуўапкершилик экологиялық нызамшылық нормаларын бузыўшыларға ҳуқықый санкцияларды белгилейди. Бул жерде санкциялардың муғдары ҳәрекетлериң жәмийетлик кәўиплигине байланыслы болады. Мүлкий жуўапкершиликтиң басқа ҳуқықый жуўапкершилик түрлеринен айырмашылығы - тәбийи орталыққа ҳәм ҳалық ден саўлығына келтирилген зыянды қаплаў. Бул жерде мүлкий жуўапкершиликтиң пайда болыў тийкары экологиялық нызамшылықтың нормалары ҳәм талаплары бузылғанлығы ақыбетинде келтирилген зыян болып табылады[1].

Мәмлекетлик органлар ҳәм лаўазымлы шаҳслар тәрепинен келтирилген зыян ушын жуўапкершилик тийкарлары Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 990-ши статьясында белгиленген. 991-ши статьяның нормалары оғада арнаўлы характеге ийе, себеби усы нормаларда судлар, тергеў, прокуратура органлары тәрепинен келтирилген зыян ушын

[1] Файзиев Ш.М. Теоретические проблемы гражданско-правовой ответственности за вред, причиненный окружающей природной среде. // Актуальные проблемы и тенденции развития гражданского законодательства. Международная научно-практическая конференция. – Т.: ТГЮИ, 2005. – 214 б.

жуяапкершиликтиң өзгешеликлерин белгилейди. Бул нормалардың улыўма бирлестириўши тәрепи сонда, бул жерде үшинши тәреп – мәмлекет өзиниң органлары ҳәм лаўазымлы шахслары ҳәрекетлери ушын жуўапкер болып табылады. Бирақ, келтирилген зыянды қаплаўдың кепилликлерин күшейттириў лазым. Сол себепли, айрым илимпазлардың пикиринше, келтирилген зыян қаплаўныўы ушын нызамшылықта қазна ғәрежетлериниң мәжбүрий ғәрезсиз фонды белгилениўи лазым[1].

Жуўмақлап айәтатуғын болсақ, әмелдеги пуқаралық нызамшылығының тийкарғы принциплериниң бири - бул миннетлемелерди бузғанлығы ушын жуўапкершиликти белгилеўде ҳуқықты бузыўшы ҳәрекетлерде айыптың болыўы принципи есапланады. Демек, қарыздар өзине қойылған айыпты жоққа шығарыўға ҳәрекет етиўи ҳәм өзиниң айыпсызлығын дәллийлеўи керек. Екинши тәрептен пуқаралық ҳуқықында миннетлемени орынламаған ямаса оны лазым дәрежеде орынламағанлығыц ушын қарыздар, егер нызам яки шартнамада басқаша тәртип нәзерде тутылған болса, өзиниң айыбы болыўы-болмаслығынан қарамастан мүлкий жуўапкершиликке тартылыўы мүмкин. Бундай турде мүлкий жуўапкершиликтиң белгилениўи халық хожалығы мәплерин қорғаў пуқаралардың өмири ҳәм ден-саўлығын қорғаў мақсетлеринен келип шыққан. Мәселен, автотранспорт пенен жүк тасыўдан алынған жобасы миннетлемени орынламағанлық ушын ҳәр еки тәреп-жибериўши ҳәм автотранспорт мекемеси ҳәм өзлериниң айыплары болыўы-болмаслығынан қарамастан мүлкий жуўапкершиликке тартылады.

Бизиң ойымызша, әлбетте жоқарыда көрсетилген принцип дурыс белгиленип қойылған. Лекин пуқаралық ҳуқықында оның нормалары менен тәртипке салынатуғын қатнасықлардың субъектив (пуқара болсын, гә юридикалық тәреп болсын, гә мәмлекет болсын) тең ҳуқықлы болып табылады. Сонлықтан Пуқаралык ҳуқықый жуўапкершиликти белгилеўде айып мәселени

---

[1]Мустафина Г.К. Гражданско-правовая ответственность за вред, причиненный государственными органами и должностными лицами. // Государство и гражданское право: Материалы международной научно-практической конференции. – Алматы: НИИ частного права КазГЮУ, 2008. – 339-340 бб.

көбирек итибар берилип, субъектлердиң тең ҳуқықлығы принципи тәмийнленсе жақсы болар еди.

## §3.Пуқаралық-ҳуқықый жуўапкершиликтиң муғдары ҳәм оны төлеў тәртиби.

Пуқаралық кодекстиң 324-статьясында қарыздар миннетлемени орынламағанлығы себепли кредиторға жеткизилген зыянды төлеў шәрти белгиленип қойылған.

Қарыздардың миннетлемени орынламаўы нәтийжесинде пайда болған ҳәм төлениўи лазым болған кредитордың ҳәрекетлери дәлийленгенде, кредитор тәрепинен усы миннетлемелер бойынша жумсалған ҳәрекетлер ҳәм қарыздардың өз уазыйпасын орынламағанлығы менен байланыслы қәрежетлер түсиниледи. Атап көрсететуғын болсақ, өнимди жеткизип бериўши тәрепинен өнимниң белгиленген мүддетлерде жеткизип бермеслиги себепли өнимди алыўшы кәрхананың жумыссыз бас турыў уақытында исленген қәрежетлери төлениўи шәрт.

Сондай-ақ миннетлемени орынлаў бойынша тапсырылған мүлик шәртнама шәртлерине муўапық илмегенде ҳәм кредитор бундай жағдайларда мүликти қарыздарға қайтарыў ямаса мәжбүр болғанында кредитор зыянлардың өндирилиўинен қарамастан, мүлик ушын төленген пул суммаларының өзине қайтарылыўын талап етиў ҳуқықына ийе.

Улыўма режелерге муўапық, кредиторға қарыздардың (қарыз алыўшының) өзиниң уазыйпасын орынламағанлығы себепли жойытқан мүликтиң баҳасын ямаса мүликтиң зыян келтириўи нәтийжесинде оның баҳасының кемейиўинен (азайыўынан) пайда болған суммалардың төлениўин талап етиўи мүмкин. Себеби базар қатнасықлары жағдайында еркин баҳа тийкарында хожалық жүргизиўши субъектлер өз хызметин алып барады. Оның тийкарғы өзгелишиги усыдан ибарат, гейпара жағдайларда миннетлеме пайда

болған яки келип шыққан уақыттағы баҳа менен зыянды өндирип алыў уақытындағы бақалар ортасында айрықшалықлар болыўы мүмкин.

Ҳәзирги уақытта қабыл етилген нызамларымызда усындай жағдайлар нәзерде тутылған. Пуқаралық кодекстиң 324-статьясындағы 2-бөлимге муўапық, егер нызам ҳүжжетлерине ямаса шәртнамада өзгеше тәртип нәзерде тутылған болмаса, зыянды анықлаўда миннетлемениң орынланыўы керек болған жерде, қарыз алыўшы қарыз бериўшиниң талапларын ықтыярлы түрде қанаатландыратуғын күнде, ал егерде талап ықтыярлы түрде қанаатландырылмаған болса, даўа қозғатылған күнде белгиленген баҳалар итибарға алынады. Сондай-ақ суд жағдайларды есапқа алып, зыянды төлеў ҳаққындағы талапты қарар шығарылған күнде белгиленген баҳаларды итибарға алған жағдайда қанаатландырыў мүмкин.

Пуқаралық ҳуқықында қарыздардың айыбы менен алынбай қалған дәрамадлар ҳаққында нормалар бар. Демек, кредитор тәрепинен алынбаған ҳәм төлениўи қарыздардан талап етиўиге ҳақылы болған дәрамадлар дегенимиз, қарыз алыўшы өзиниң миннетлемесин тийисли дәрежеде орынламағанда, ал кредитордың алыўы мүмкин болған дәраматларға айтылады. Бул, әсиресе, пул миннетлемелердиң орынламағанлығы ушын жуўапкершиликте бирден көзге тасланады. Пуқаралық кодекстиң 327-статьясына сәйкес, басқа шахслардың пул (ақша) ҳәрекетлерин нызамсыз услап қалыў, оларды қайтарып бериўден бас тартыў, оларды төлеўди басқаша түрде кешиктириў ямаса басқа адам есабынан тийкарсыз алыў яки топлаў нәтийжесинде олардан пайдаланылғаны ушын усы қәрежетлер суммасынан пронцентлер төлеўи керек.

Усы көрсетилген процентлер муғдары кредитор жасайтуғын жерлерде, егер кредитор юридикалық тәреп болатуғын болса, оның орналасқан жеринде ақша миннетлемесин ямаса оның тийисли бөлеги орынланған күнде белгиленип қойылған банклердеги процenttиң ставкасы менен белгиленеди. Қарыз суд тәрепинен алынғанда, суд кредитордың талабын даўа қозғатылған күндеги яки қарар (шешим) шығарылған күндеги банк процентиниң

ставкасына қарап қанаатландырылыўы мүмкин. Лекин, усы режелер нызамда ямаса шәртнамада басқа процент муғдары белгиленип қойылмаған болса қолланыланы. Егер кредитордың ақша қәрежетлеринен нызамсыз пайдаланыў себепли оған жеткерилген зыян жоқарыда көрсетилген прцентлер суммасынан асып кетсе, кредитор қарыз алыўшыдан зыянның бул суммадан артық болған бөлегин төлеўди талап етиўге ҳақылы.

Пуқаралық кодекстиң 332-статьясында миннетлемени бузғанлығы ушын гейпара жағдайларда шекленген жуўапкершилик белгилениўи нәзерде тутылады. Лекин, нызамда шекленген жуўапкершиликтиң ҳуқықый формалары көрсетилмеген. Бундай шекленген жуўапкершилик арнаўлы жағдайларда ҳәм нызамларда белгиленип қойылыўы мүмкин. Сондай-ақ, нызам айырым жағдайларда зыянларды төлеген қарыз алыўшының миннетлемесине қайта тиклеўди де орынлаў уазыйпасы сыпатында белгилеп қойыўы мүмкин.

Сонлықтан Пуқаралық кодексиниң 330- статьясына муўапық, егерде нызамда яки шәртнамада басқаша тәртип белгиленип қойылмаған болса, миннетлеме лазым дәрежеде орынламаған жағдайда неустойка төлеў ҳәм орынламағанда зыянды қаплаў қарыз алыўшыны миннетлемени орнына қайта тиклеўди орынлаўдан азат етпейди.

Улыўма алғанда, қарыздардың жуўакершиликтен азат етиў тийкарларына келетуғын болсақ, қарыз алыўшы миннетлемени пүткиллей орынламағанлығы ямаса тийисли дәрежеде орынламағанлығы ушын, егерде бундай жағдай оның айыбысыз болмағанлығы яки кредитордың (қарыз бериўшиниң) айыбы менен байланыслы болса, онда улыўма қағыйдалар бойынша қарыздар жуўапкершиликтен азат етиледи.

Сонлықтан базар қатнасықларына өтиў дәуиринде исбилерменликтиң әҳмийетин есапқа алған жағдайда нызам исбилерменлер ушын әҳмийетли болған ҳуқықый кепилликти нәзерде тутады. Пуқаралық кодекстиң 333-статьясының 3-бөлиминдеги қағыйдаға муўапық, егерде нызамда ямаса шәртнамада басқаша тәртип нәзерде тутылмаған болса, исбилерменлик

хызметин әмелге асырыўда миннетлемени орынламаған яки лазым дәрежеде орынламаған шахс оны лазым дәрежеге орынлаўға жеңип болмайтуғын күш, айрықша ҳәм мәлим бир шараятларда алдын алып болмайтуғын жағдайлар (форс-мажор) себепли имканият болмағанлығын дәлийллеп бере алмаса, ол жуўапкершиликтен азат етилмейди.

Пуқаралық ҳуқықының белгиленген қағыйдаларына сәйкес, қарыздар, сондай-ақ кредитордың өзиниң ҳәрекетлери себепли орынланбаўы ямаса тийисли дәрежеде орынланбаў жағдайлары қарыздардың жуўапкершилигиниң көлеми ҳәм муғдарының кемейиўине алып келиўи мүмкин. Бундай жағдайларда суд, хожалық суды, жуўакершиликти жүклейтуғын басқа орган ҳәр еки тәрептиң айып дәрежесин белгилеў, қарыз алыўшының жуўакершилик муғдарын тийисли дәрежеде қысқартырыўы, кредитор тәрепинен көрилген зыянның жартылай төлеўге мәжбүр етилиўи, кредиторға төлеўи лазым болған неустойка суммасының қысқартырыўы лазым.

Көрилип атырған мәселелер бойынша төмендеги жуўмақлары келиўи мүмкин. Ҳәзирги уақытта әмелде болған пуқаралық нызамшылық ҳүжжетлеринде пуқаралық ҳуқықый жуўапкершиликтиң тийкарлары белгиленип қойылған. Лекин бизиң ойымызша усы пуқаралық-ҳуқықый жуўапкершиликтен азат етилиў тийкарлары конкрет турде берилмеген. Соның ушын, усы нызам ҳүжжетлерин жеңиллестириў мәселеси пуқаралық ҳуқықында актуал машқалалардан бири болып табылады  деген пикирге келиўге болады.

## II-БАП.

## АЙЫРЫМ ТҮРДЕГИ ПУҚАРАЛЫҚ-ҲУҚЫҚЫЙ ШӘРТНАМАЛАРДЫ БУЗҒАНЛЫҒЫ УШЫН САНКЦИЯЛАРДЫ ҚОЛЛАНЫЎ ТӘРТИБИ.

### §1. Өнимди жеткизип бериў шәртнамасын бузғанлығы ушын санкцияларды қолланыў.

Пуқаралық кодекс нормалары менен тәртипке салынатуғын шәртнамалық қатнасықлардың ишинде кең тарқалған түри болып өнимди жеткизип бериў шәртнамасы есапланады. Усы шәртнаманың белгиленип қойылған қағыйдалары менен республикамызда тез пәт пенен раўажланып атырған исбилерменлик пенен байланыслы болған алды-сатты қатнасықлары тәртипке салынады. Демек, ол (өнимди жеткерип бериў шәртнамасы) сатыўшылар ҳәм сатып алыўшылар ортасында көтере саўда арқалы болатуғын қатнасықларды белгилейди ҳәм усы қатнасықларды Пуқаралық кодекси менен алды-сатты шәртнамасының арнаўлы (жеке) түри сыпатында тәртипке салынады.

Жаңадан қабыл етилген Пуқаралық кодекста белгиленип қойылған ҳуқықый режелер халық аралық Вена конвенциясында белгиленген қағыйдаларға, сондай-ақ өнимди жеткерип бериў дәўири, тәртиби, толық жеткизип берилген товардың орнын толтырыў , оларды таңлап алыў, жеткизип берилген товарлар ушын есапласыў жүргизиў, шәртнаманың шәртлерин бузыў нәтийжесинде болатуғын ақыбетлерге тийисли болған қағыйдарларға сәйкес келеди ҳәм онда Өзбекстанның шараятлары есапқа алынған.

Солай етип, Пуқаралық кодекстиң 437-статьясына муўапық, өнимди жеткизип бериў шәртнамасына сәйкес, исбилерменлик хызмети менен шуғылланып атырған өнимди жеткизип бериўши - сатыўшы келисилген мүддетде ямаса мүддетлерде өзи ислеп шығарған ямаса сатып алатуғын товарларды сатып алыўшыға исбилерменлик хызметинде пайдаланыў ушын яки жеке, семьялық мақсетлерде, үй хожалығында ҳәм оған уқсас басқада

мақсетлерде ислетиў менен байланыслы болмаған мақсетлерде пайдаланыў ушын тапсырады, ал сатып алыўшы болса усы товарларды қабыл етиў ҳәм олардың ҳақысын төлеў миннетлемесин алады.

Өнимди жеткизип бериў шәртнамасын алды-сатты шәртнамасының жеке түри етип ажыратыў ушын төмендеги тийкарғы өзгешиликлерин белгилейди:

а) өнимди сатыўшы (жеткизип бериўши) тәрепинен сатып алыўшыға өнимди келисилген мүддетде ямаса мүддетлерде тапсырыўы зәрүр. Өнимди жеткизип бериў шәртнамасына муўапық, товарды тапсырыў мүддети шәртнаманың тийкарғы шәрти болып табылады;

б) өнимди жеткизип шәртнамасына сәйкес, тек исбилермнлик хызмети менен шуғылланып атырған кәрхана ямаса пуқара ғана сатыўшы сыпатында жумыс алып барыўы мүмкин;

в) өнимди жеткизип бериў шәртнамасына муўапық, ҳәр қандай товарлар емес, ал жеткизип бериўши тәрепинен ислеп шығарылатуғын яки сатып алынатуғын товарлар ғана тапсырылыўы шәрт;

г) өнимди жеткизип бериў шәртнамасы бойынша сатып алыўшы сыпатында, улыўма алғанда, коммерциялық кәрхана жумыс алып барады, себеби, сатып алынатуғын товардан жеке, семьялық мақсетлерде ҳәм оған уқсас басқада мақсетлерде ислетиў менен байланыслы болмаған мақсетлерде пайдаланылады[1].

Улыўмаластырып айтатуғын болсақ, өнимди жеткизип бериў шәртнамасы пуқаралық ҳуқықый жуўапкершилик миннетлемени бузған шахс ушын нызамда нәзерде тутылған оған материаллық тийимсиз болған ақыбетлерди келтириўинен белгиленеди. Сонлықтан мүлкий жуўапкершилик төлеў ямаса келтирилген зыянды қаплаў менен белгиленип қойылады.

[1] Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик кодексининг иккинчи қисмига шарқлар. Х.Р.Рахманқуловнинг умумий тақрири остида. Маъсул муҳаррир: И. Анортоев. – Т.: «Иқтисоди§т ва ҳуқуқ дун§си», 1998. - 104,105 бб.

Пуқаралық кодекстиң 438-статьясында өнимди жеткизип бериў шәртнамасының әмел етиў мүддети нәзерде тутылған. Себеби, өнимди жеткизип бериў шәртнамасын дүзиў мүддетлери менен оның орынланыўы, әдетде, бир-бирине туўры келмейди ҳәм усы шәртнама оның орынланыўынан алдын дүзиледи. Мине усы жағдай шәртнаманы, оның орынланыўы менен бир ўақытта дүзилиўи ҳәм оның бирден әмелге асырылыўы оны алды-сатты шәртнамасы деп тән алыныўына себеп болыўы мүмкин.

Өнимди жеткизип бериў қатнасықларында товарларды жеткизип бериў тәртиби, яғный өнимди жеткизип бериўшиниң сатып алыўшыға товарлады жеткизип бериў бойынша өзиниң миннетлеиелерин орынлаў тәртиби оғада әҳмийетке ийе болады. Сондай-ақ өнимди жеткизип бериў шәртнамаға сәйкес, әдетде, товарларды өнимди жеткизип бериўши алып барады. Ямаса ол шәртнамада белгиленген шәртлерге муўапық товарды шәртнамада көрсетилген транспорт шөлкеминен тапсырады. Туўры, Пуқаралық кодексинде товарларды жеткизип бериў тәртиби белгиленип қойылған. Себеби товарларды жеткизип бериў шәртнамасы бойынша товарларды сатып алыўшылардың өзлери оларды қабыл етип алыўшылардан ямаса тутыныўшылардан ибарат болмаўы мүмкин. Сонлықтан, егер, шәртнама бойынша сатып алыўшының өзи товарды қабыл етиўши болмаса, онда товарды сатып алыўшының тапсырмасы менен үшинши тәрепке жеткизип бериў тәртиби нәзерде тутылады.

Әмелдеги нызам ҳүжжетлеринде товарға тийисли болған затларды ҳәм ҳүжжетлерди тапсырыў миннетлемесин орынламаў ақыбетлери: товардың муғдары ҳәм оның муғдары ҳаққындағы шәртлерин бузыў ақыбетлери; товардың сыпаты ҳәм оның кепиллик мүддети, оны есаплаў тәртиби; товардың жарамлылық мүддети ҳәм оны есаплаў тартиби; тийисли дәрежеде сыпатлы болмаған товарды тапсырыў ақыбетлери; товардың пүтинлиги, пүтин болмаған товарды тапсырыў ақыбетлери ҳәм басқа мәселелер белгиленип қойылған. Бизиң ойымызша, республикамыздың базар экономикасына өтиўи ҳәм оның ҳуқықый тийкарларының жаратылыўы өнимди жеткизип бериў қатнасықларын

тәртипке салыўшы нормативлик актлерди жетилистириўди талап етпекте. Соның ушын республика парламенти тәрепинен «өнимди жеткизип бериўдиң ҳуқықый тийкарлары» деп аталатуғын жаңа нызам қабыл етилиўи лазым. Туўры, ҳәзирги уақытта «хожалық жүргизиўши субъектлер хызметиниң шәртнамалық ҳуқықый базасы ҳаққында» ғы нызам қабыл етилген.

Усы жаңадан қабыл етилиўине усынылып нызамда төмендеги мәселелер белгиленип қойылыўы керек: биринишиден; еки тәрептиң - өнимди жеткизиўшиниң ҳәм тутыныўшының (сатып алыўшының) конкрет ҳуқықлары ҳәм уазыйпалары көрсетилиўи керек; екиншиден, нызам менен тәртипке салынатуғын объектлердиң шегерасы сәўлелениўи лазым; үшиншиден, пуқаралық-ҳуқықый жуўапкершиликтиң усы шартнамалық қатнасық бойынша тийкарлары белгиленип қойылыўы керек; төртиншиден, пуқаралық-ҳуқықый жуўапкершилик пенен байланыслы ислерди хожалық судларында қараў тәртиби ҳәм тағы да басқа мәселелер көрсетилип қойылса, мақсетке муўапық болар еди.

## §2. Конрактация шәртнамасын бузғанлығы ушын санкцияларды қолланыў.

Контрактация шәртнамасы экономикалық мазмуны жасынан алды-сатты шәртнамасының бири болып есапланады ҳәм ол өзине тән өзгешеликлери менен алды-сатты шәртнамасының басқа түрлеринен ажыралып турады.

1963 жылдағы Пуқаралық кодексинде контрактация шәртнамасына анықлама ямаса түсиник берилмеген еди. Ол мүлкий қатнасықлар тараўында қолланылатуғын шәртнамалардың жеке түри сыпатында нызам асты ҳуқықый ҳүжжетлер арқалы тәртипке салынатуғын еди. Усы ҳужжетлер 1997 жылы 1 марттан кейин дүзилген шәртнамаларға қолланылмайды.

Ҳәзирги Пуқаралық кодекстиң 465-статьясында ҳәм контрактацияға толық түсиник берилмеген, бирақ оны алды-сатты шәртнамасының басқа түрлеринен ажыратып туратуғын белгилерге итибар берилген. Олар,

бириншиден, шәртнама тәреплериниң кимлерден ибарат болыўы менен, екиншиден, шәртнама бойынша сатылатуғын товарлардың ауыл хожалық өнимлери бойынша белгиленеди.

Демек, шәртнама тәреплеринен бири ауыл хожалық өнимлерин егип, өндирип, таярлап оны жетилистиретуғын болса, ал екинши болса, бундай өнимлерди қайта ислеў ямаса сатыў ушын сатыўшы болып есапланады.

Тарийхый мағлыўматларға қарағанда контрактация шәртнамасы көп жыллық тарийхқа ийе ҳәм ол бизиң үлкемизде дәслеп патша Россиясы дәўиринде пахташылыққа қолланылып баслаған. Бурынғы совет ҳакимиятының дәслепки жылларында ҳәм контрактация арқалы тийкарынан пахта сатылатуғын болған. Жобаластырыў системасы раўажланып барғай сайын контрактацияның өзине тән болған шәртнамалық белгилери, өзгешеликлери тарылып, ол жобаны мәжбүрий түрде әмелге асырыўға қаратылған қуралға айлана баслады ҳәм өз гезегинде басқа барлық техникалық өсимликлерге, ауыл хожалық өнимлерге қолланылып басланды.

Базар экономикасы дәўирине шекем контрактация шартнамасының қатнасыўшылары сыпатында бир тәрептен колхоз, совхоз яки баска ауыл хожалық кәрханалары болса, екинши тәрептен мәмлекетлик яки кооперативлик таярлаўшы мекемелери қатнасып келди. Усы шәртнама бойынша, миннетлемелер аўыл хожалық өнимлерин сатыў бойнша қабыл етилген мәмлекетлик жобаларға тийкарланып, белгиленип қойылатуғын еди.

Улыўма алғанда, контрактация шәртнамасын дүзиўде бурынғы СССР Министрлер Совети, Өзбекстан Республикасының Министрлер Совети тәрепинен қабыл етилген қарар ҳәм инстукцияларға, өнимлерди сатыў бойынша белгиленген мәмлекетлик жобаға, контрактация шәртнамаларын дүзиў ҳәм орынлаў тәртиби ҳаққындағы Режеге, сондай-ақ үлгили шәртнамаға тиккилей

басшылыққа алынатуғын еди ҳәм оларға қарама-қарсы (қайшы) келетуғын шәртнамалар ҳақыйқый емес деп есапланатуғын еди[1].

Ҳәзирги күнде республикамызда аўыл хожалық өнимлерин сатыў бойынша қаинасықлар Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1994 жылы 29-августтағы қарары менен тастыйқланған «контрактация шәртнамаларын дүзиў ҳәм орынлаў тәртиби ҳаққындағы» қарары менен тәртипке салынады. Усы Режеге муўапық, контрактация шәртнамасы ҳәмме түрдеги аўыл хожалық өнимлерди сатып алыўға тийисли болған қатнасықларға қолланылады.

Солай етип, әмелдеги нызам хужжетлерине муўапық, контрактация шәртнамасы тәреплери сыпатында бир тәрептен меншик формаларынан (түрлеринен) ҳәм қайсы басқарыў системасына тийсли болыўынан қарамастан, юридикалық тәреп ҳуқықына ийе болған аўыл хожалық өнимлерин жетилистириўши жәмәәтлик хожалықлары, кәрханалары, өнимди жетилистириў де исбилирменлик хызмети менен шуғылланыўшы пуқаралар, соның ишинде дийхан-фермер хожалықлары, ал екинши тәрептен, юридикалық тәреп ҳуқықына ийе болған, аўыл хожалық өнимлерин сатып алыўшы шөлкемлер, оны қайта ислеўши ямаса қайта ислеп шығармастан сатыў ушын сатып алыўшы шөлкемлер, кәрханалар ҳәм басқалар қатнасады.

Улыўмаластырып пикир айтатуғын болсақ, көрилип атырған шәртнамада аўыл хожалық өнимлериниң муғдары, ассортименти ҳаққындағы шәртларды белгилеўде Пуқаралық кодекстиң 398-400-статьяларын басшылыққа алыўымыз керек[1]. Атап айтқанда, ҳәр түрли (ассортимент) аўыл хожалық өнимлериниң

---

[1]Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик кодексининг иккинчи қисмига шархлар. Х.Р.Рахманқуловнинг умумий тақрири остида. Масул мухаррир: И. Анортоев. – Т.: «Иқтисоди§т ва хуқуқ дун§си», 1998. – 155 б.

[1] О судебной практике применения некоторых норм Гражданского кодекса Республики Узбекистан. Авторы: Группа анализа по обобщению судебной практики Хозяйственного суда. // «Хозяйство и право». – № 8, 2003. – 67-69 бб.

муғдары шәртнамада анық өлшемде (мәселен, тоннада ҳ.т.б.) яки суммада белгиленбестен, көбирек ямаса азырақ муғдарда көрсетилген болыўы мүмкин.

Контрактация шәртнамасын тәртипке салыўдың әҳмийети оның предметиниң өзегшиликлери ҳәм миннетлемелерди орынлаўда қатнасыўшы тәреплердиң ҳуқықы ҳәм уазыйпалары менен белгиленеди. Себеби, оның предмети шәртнама дүзиў пайытында еле өсип-өнбеген, тапсырыўға таяр болмаған аўыл хожалық өниминен ибарат[1].

Көрилип атырған мәселелер бойынша, жуўмақластырып айтатуғын болсақ, өнимди жетистириўши хожалық өзиниң мойына алған миннетлемени қәте кемшиликсиз орынлаўы ушын агротехника ҳәделерин басшылыққа алған жағдайда егинди аз ўақытында егиўи, оған тийисли ислеп бериў, тәрбиялаўы, жетистирилген өнимди набыт қылмастан таярлаўшыға (сатып алыўшыға) өз ўақытында тапсырыўы керек. Себеби усы тараўда зыянды қаплаў бойынша жуўапкершилик өнимди жетистириўши хожалықтың айыбы менен миннетлеме орынланбаўы мүмкин болмай қалған жағдайда ғана пайда болады.

## §3. Энергия менен тәмийинлеў шәртнамасын бузғанлығы ушын санкцияларды қолланыў ҳәм жуўапкершиликке тартыў.

Пуқаралық Кодекстиң 477-статьясына муўапық, энергия менен тәмийинлеў шәртнамасы бойынша миннетлемелер орынланбаған жағдайларда энергия менен тәмийинлеўши шөлкем ямаса абонент усы себепли жеткизилген ҳақыйқый зыянды төлеўи шәрт. Егер энергия бериўдеги үзилислер қуўат ҳәм энергия жетиспеўшилиги себепли энергия менен тәмийинлеўши шөлкем яки кәрхана тәрепинен нызам ҳүжжетлери тийкарында тутыныўды тәртипке салыў нәтийжеде жүз берген болса, онда энергия менен тәмийинлеўши кәрхана

[1] Махмудов Х. Давлат контракти ва шартномалар. – Т.: «Маънавият», 2000. – 12 б.

айыплы болған жағдайда ғана шәртнама миннетлерин орынламағаны ямаса тийисли дәрежеде орынламағаны ушын жуўап береди.

Улыўма алғанда, электр энергиясы, тийисли санаат тармағының өними болып, өзиниң жеке түрдеги өзгешеликлерине ийе. Усы өзгешеликлердиң тийкарына оның үзликсизлиги, көплеп ислеп шығарылыўы, транспорт ҳәм тутыныў процесслери менен байланыслығы, тутыныўшылар хызметиниң энергия сыпатына тәсири ҳәм басқалар киреди. Усы өзгешеликлер шәртнамалық қатнасықлардың өз ўақытында ҳәм толығы менен орынланыўында оғада әҳмийетке ийе.

Жоқарыда көрсетилген энергия менен тәмийинлеўши шөлкем яки абонент тәрепинен миннетлемелерди орынламағанлық яки лазым дәрежеде орынламағанлық себепли, келтирилген ҳақыйқый зыянларды өндириўди нәзерде тутыўшы ҳәм биринши мәртебе Пуқаралық кодекси дәрежесинде беккемленип қойылған тәреплердиң айыплы жуўапкершилиги принципи дәўир талабына жуўап береди.

Энергия менен тәмийинлеў шәртнамасы бойынша тәреплердиң бириниң өз миннетлемелерин лазым дәрежеде орынламағанлығы яки орынлағанлығы төмендеги шәртлерден бирине: муғдары, сыпаты, баҳасы, техникалық қурылмалардан тийисли дәрежеде пайдаланыў ҳәм қабыл қылынған өнимлерден пайдаланыў қәделерине басшылыққа алмағанлықтан жүз бериўи мүмкин.

Миннетлемелердиң реал түрде орынланыўы шәртнамалық принциплерди шегералаўдың алдынан белгилеп қойылған объектив техникалық-экономикалық факторларына байланыслы болады. Себеби республикамызда электр энергия менен тәмийинлеў әмелде толық орайластырылған. Соның ушын пүткил системадағы энергия менен тәмийинлеў тәртиби улыўма бир басшылықты талап етеди.

Орайластырылған тәмийинлеў шөлкем өз шешимлери менен шегералаў графигин әмелге киритиў яки энергияны өширип қойыў ҳуқықын бериў жолы

менен, пүткил система мәплери ушын айырым тутыныўшыларды тәмийинлеў тәртибине дүзетиўтилер киритеди.

Бизиң ойымызша, республикамызда энергия менен тәмийинлеўге байланыслы болған қатнасықлардың ҳуқықый тийкарларын беккемлеўши жаңа нызамлар қабыл етилиўи керек. Себеби, энергия менен тәмийинлеўши кәрхана тәрепинен берилетуғын электр энергиясының сыпаты ҳаққындағы шәртнамалар басшылыққа алынбағанлығы, көпшилик жағдайларда тутыныўшыларға экономикалық (материаллық) зыянлар келтиреди. Туўры, абонентлердиң (тутыныўшылардың) өзлериде уазыйпаларын тийисли дәрежеде орынламайды. Атап айтқанда, олар тәрепинен төлем ҳақылар кешиктириледи, нызамсыз түрде жумсалған электр энергиясын есаплайтуғын үскенелердеги мағлыўматлар кемейтирилип бериледи, сондай-ақ руҳсатсыз түрде жылытыў үскенелеринен пайдаланады. Сонлықтан еки тәрептен жиберилетуғын қәте кемшиликлерди сапластырыў мақсетинде жақын келешекте «электр энергиясы менен тәмийинлеў ҳаққындағы» нызам ислеп шығылыўы лазым ҳәм қабыл етилиўи керек деп ойлаймыз. Бул нызамда еки тәрептиң ҳуқықлары ҳәм уазыйпалары бегиленип қойылыўы керек, олардың пуқаралық-ҳуқықый жууапкершилигине тийисли нормаларғада көбирек итибар берилиўи лазым.

## ЖУЎМАҚЛАЎ

Ғәрезсизлик жылларында елимизде жаңадан ҳуқықый система дөретилип атыр ҳәм оның нормалары халық аралық ҳуқықтың қағыйдаларына толығы менен жуўап береди. Әлбетте, бул тараўда еледе исленетуғын илажлар бар. Әсиресе, қабыл етилип атырған нызамларды еледе жетилистириў, оларды қайтадан ислеп шығыў, сыяқлы мәселелер жәмийетимиз алдында актуал мәселе сыпатында турыпты. Себеби, бизиң Республикамызда қәлиплесип атырған ҳуқықый системасының бурынғы советлик дәўириндеги ҳуқықый системадан пүткиликли түрде айырмашылығы бар.

Соңғы 30 жылдан аслам уақты ишинде ҳуқық-таныў илиминде ҳуқықый жуўапкершилик бойынша илимпазлар ортасында қызғын илимий дискуссиялар болып өтти, бул мәселе бойынша ҳәр қыйлы пикирлер айтылды ҳәм усыныслар берилди.

Сонлықтан, усы мәселелер бойынша әдебиятларда берилген теориялық пикирлерди анализлеп отырып, санкцияның еки түри бар деген жуўмақ шығарыўға болады, яғный оны қорғаў шарасы ҳәм жуўапкершилик шарасы сыпатында еки түрге бөлиўге болады.

Усы екеўиниң бир-биринен айырмашылығы усыдан ибарат, санкция жуўапкершилик шарасы сыпатында ҳуқық бузарлық исленгенде қолланылатуғын болса, ал санкция қорғаў шарасы сыпатында шаҳстың айыбы ҳәм ҳуқық бузарлықтың составына қарамастан қолланылады. Мине усы жағдай олардағы айырмашылықтың тийкарғы белгилеринен бири болып табылады.

Жоқарыда көрсетилип өтилгениндей, елимизде әмелге асырылып атырған реформаларды беккемлеў мақсетинде көплеген нызам ҳүжжетлери қабыл етилди. Айнықса, шәртнамалық қатнасықлардың экономикалық қатнасықлардан тутқан орны есапқа алынып, республика парламенти тәрепинен «Хожалық жүргизиўши субъектлердиң хызметиниң шәртнамалық-

ҳуқықый базасы ҳаққындағы» нызам қабыл етилди ҳәм ол усы қатнасықлардың ҳуқықый жақтан беккемлениўине кең жол ашып берди.

Бизиң ойымызша, хожалық жүргизиўши субъектлердиң хожалық хызмети менен тиккелей байланысқан өнимди жеткизип бериў шәртнамасынан келип шығатуғын қатнасықларды да ҳуқықый тәртипке салыў жолларын жетилистириў керек. Усы мақсетте Өзбекстан Республикасының «Өнимди жеткизип бериў ҳаққындағы» нызамы ислеп шығылыўы лазым. Усы шәртнамалық қатнасық өзине тән өзгешеликлерге ийе болған алды-сатты шәртнамасының жеке түри болып табылады. Бул бириншиден, ал екиншиден өнимди жеткизип бериў шәртнамасының субъектлик составында (қурамында) айырмашылықлар болады. Әлбетте, базар экономикасы қатнасықлары нәтийжесинде олардың субъектлик составынада өзгерислер кирди.

Солай етип, бул нызамның ислеп шығылыўы ҳәм қабыл етилиўи елимизде қәлиплесип киятырған жаңа экономикалық қатнасықларды беккемлейди ҳәм олардың раўажланыўындағы ҳуқықый негизлердиң бирин жаратып береди.

Ҳәр бир раўажланған ҳуқықый демократиялық мәмлекеттиң тийкарғы белгилерининң бири - бул жәмийетлик қатнасықлардың нызамлар менен тәртипке салыныўы болып табылады. Ҳәммемизге мәлим, бурынғы советлик дәўирде жәмийетимиздеги көплеген қатнасықлар нызам жолы менен тәртипке салынбай исленди ҳәм оның нәтийжесинде ҳәр қыйлы машқалалардың пайда болыўына себеп болды. Мине усылардың қатарына энергия менен тәмийнлеўге тиккелей байланыслы болған қатнасықларда киреди.

Ғәрезсизлик шарапаты менен бул тараўда үлкен өзгерислер жүз берди, кең көлемдеги реформалар әмелге асырылып атыр. Туўры, усы тараўда Пуқаралық кодекстиң энергия менен тәмийнлеўге байланыслы болған режелер, Президенттиң пәрманлары, республика ҳүкиметининң қарарлары ҳәм басқа норматив ҳүжжетлер қолланылып келинбекте. Лекин, бул тараўда қолланылып киятырған ҳуқықый база жетерли дәрежеде емес деп ойлаймыз. Сонлықтан, усы

ҳуқықый базаны жетилистириў мақсетинде Өзбекстан Республикасының «Электр энергиясы менен тәмийинлеў ҳаққындағы» нызам қабыл етилиўи лазым деп есаплаймыз.

Қәнийгелик жумысын орынлаў даўамында төмендеги жуўмақлар алынды:

Бриншиден, санкция - бул пуқаралық ҳуқықы бойынша нызам ҳәм шартнамаларда нәзерде тутылған мүлкий тәсир жасаў шарасы болып, ол физикалық ҳәм юридикалық тәреплердиң өзлери дүзген шартнамаларын тийисли дәрежеде ҳәм толық түрде миннетлемелердиң орынланыўына қаратылған.

Екиншиден, санкция жуўапкершилик шарасы болып, ол мына түрлерге бөлинеди:

а) үлесли жуўапкершилик;

б) шериклик жуўапкершилик;

в) қосымша жуўапкершилик;

г) аралас жуўапкершилик;

д) регресс тәрепиндеги жуўапкершилик.

Үшиншиден, жуўапкершилик негизинде санкцияларды қолланыў тийкарына төмендегилер киреди:

1) нызамға қарсы ҳәрекет яки ҳәрекетсизлик;

2) зыян келтириў;

3) нызамға қарсы ҳәрекет яки ҳәрекетсизликтиң нәтийжеси менен пайда болған зыянлар ортасында себепли байланыстың болыўы;

4) қарызлардың яки зыян келтириўиниң айыбының болыўы.

Төртиншиден, пуқаралық нызамшылық пуқаралық-ҳуқықый жуўапкершиликтиң толық түрде орынланыўын нәзерде тутады, яғный зыян яки зәлел келтирген шаҳс оны толық муғдарда төлеўи шәрт.

Жуўмақлап айтатуғын болсақ, жоқарыда билдирип өтилген пикирлер ҳәм усыныслар хожалық жүргизиўши субъектлердиң ҳуқықый статусын

беккемлеўге ҳәм олардың жуўапкершилигиниң анық белгилениўине қаратылған болып табылады деп ойлаймыз. Бул бағдарда мийнет етиўши юрист-илимпазлардан талап етилетуғын ең баслы мәселе - бул экономикада жүз берип атырған өзгерислерди, базар конъюнктурасындағы өзгерислерди аңлаған ҳалда ҳуқықый базаны жетилистриў ҳәм де жаңалаў жолларын оператив тәризде, өз ўақтында усына алыўдан ибарат болып табылады.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

## Басқарыўшы әдебиятлар.


1. Каримов И.А. Ўзбекистон-келажаги буюк давлат. – Т.: Ўзбекистон, 1992.
2. Каримов И.А. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. - Т.: Ўзбекистон, 1994.
3. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда. - Т.: Ўзбекистон, 1999.
4. Каримов И.А. Ватан равнақи учун ҳар биримиз масъулмиз. // «Халқ сўзи» газетаси. - 2001 йил, 17 феврал.
5. Каримов И.А. Иқтисодий ислоҳот: масъулиятли босқич. - Т.: Ўзбекистон, 1994 .
6. Каримов И.А. Ўзбекистоннинг сиёсий-ижтимоий ва иқтисодий истиқболининг асосий тамойиллари Т.: Ўзбекистон, 1995 .
7. Каримов И.А. Ўзбекистон иқтисодий ислоҳотларни чуқурлаштириш йўлида. - Т.: Ўзбекистон, 1995 .
8. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари. - Т.: Ўзбекистон, 1997 .
9. Каримов И.А. Қишлоқ хўжалик тараққиёти – тўкин ҳаёт манбаи. - Т.: Ўзбекистон, 1998.
10. Каримов И.А. Ўзбекистон буюк келажак сари. - Т.: Ўзбекистон, 1998 .
11. Каримов И.А. Миллий давлатчилик, иқтиқлол мафкураси ва ҳуқуқий маданият тўғрисида. - Т.: 1999 .
12. Каримов И. А. Биз танлаган йўл-демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли.: Т.11. - Т.: “Ўзбекистон”, 2003 .
13. Каримов.И.А. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарамбўлмайди. Т.13. - Т.: “Ўзбекистон”, 2005.
14. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир / Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисида сўзланган нутқ // Халқ сўзи. – 2005 йил, 29 январь.
15. Каримов И.А. Демократик ҳуқуқий давлат, эркин иқтисодиёт талабларини тўлиқ жорий этиш, фуқаролик жамияти асосларини қуриш – фаровон ҳаётимиз гаровидир. - Т.: Ўзбекистон, 2007 .
16. Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас кўч. – Т.: «Маънавият», 2008.
17. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. – Т.: Ўзбекистон, 2009.
18. Каримов И.А. «Мамлакатимизни модернизация қилиш ва кучли фукаролик жамияти барпо этиш – устувор максадимиздир» ҳамда «Асосий вазифамиз – Ватанимиз тараққиёти ва ҳалқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир» номли марузаларни ўрганиш бўйича Ўқув-услубий мажмуа. – Т.: Иқтисодиёт, 2010.

**Нызамлар ҳәм нызам асты нормативлик ҳүжжетлер.**

19. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. – Т.: «Ўзбекистон», 2008.

20. Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик кодекси. – Т.: «Адолат», 2007.

21. Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик-процессуал кодекси. // Ўзбекистон қонунчилиги тизими - «Norma», 2010.

22. Ўзбекистон Республикасининг “Мулкчилик тўғрисида”ги 31 октябр 1990 йилда қабул қилинган № 152-XII-сонли қонуни. // Ўзбекистон қонунчилиги тизими - «Norma», 2010.

23. Ўзбекистон Республикасининг “Хўжалик юрутувчи субъектлар фаолиятининг шартномавий-ҳуқуқий базаси тўғрисида”ги 29 август 1998 йилда қабул қилинган № 670-I-сонли қонуни. // Ўзбекистон қонунчилиги тизими - «Norma», 2010.

24. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг «Қишлоқ хўжалиги маҳсулотлари бўйича контрактация шартномаларин тузиш ва ўларни бажариш тартиби туғрисида»ги 29 август 1994 йилги №8-сонли қарори. // Ўзбекистон қонунчилиги тизими - «Norma», 2010.

25. Ўзбекистон Республикаси Олий Судининг «Ишчи ва хизматчиларнинг корхона, муассаса, ташкилотга етказилган зарар юзасидан моддий жавобгарлигини белгиловчи конунларнинг республика судлари томонидан кўлланиши туғрисида»ги қарори. // Олий Судининг Ахборотномаси. №4 – Т., 1992.

**Арнаўлы әдебиятлар.**

26. Братусь С.Н. Юридическая ответственность и законность. – М.: «Юридическая литература», 1976.

27. Гражданское и торговое право капиталистических государств. Отв. ред. Васильев Е.А. – М.: «Международные отношения», 1993.

28. Гражданское право. Том I. Под ред. Калпина А.Г., Масляева А.И. – М.: «Юристъ», 2002.

29. Гражданское право. Том I. Под ред. Суханова Е.А. - М.: Изд. «БЕК», 1993.

30. Гражданское право. Учебник. Том I. Под ред. Сергеева А.П., Толстого Ю.К. – М.: «Проспект», 2001.

31. Грибанов В.П. Ответственность за нарушение гражданских прав и обязанностей. – М, 1973

32. Гришаев С.П. Гражданское право. – М.: «Юристъ», 2000.

33. Красавчиков О.А. Проблемы гражданско-правовой ответственности и защиты гражданских прав. - Свердловск, 1973.

34. Крылова З.Г. Ответственность по договору поставки. – М.: «Юридическая литература», 1987.

35. Лейст О.Э. Санкция и ответственность по советскому праву. – М.: МГУ, 1981.

36. Малейн Н.С. Правонарушение: понятие, причины, ответственность. – М.: «Юридическая литература», 1988.

37. Махмудов Х. Давлат контракти ва шартномалар. – Т.: «Маънавият», 2000.

38. Мустафина Г.К. Гражданско-правовая ответственность за вред, причиненный государственными органами и должностными лицами. // Государство и гражданское право: Материалы международной научно-практической конференции. – Алматы: НИИ частного права КазГЮУ, 2008.

39. Мустафоев Ш. Чакана олди-сотди шартномаси бўйича жавобгарлик шакллари. // Фуқаролик қонунчилигининг ривожланиши ва долзарб уаммолари. Ҳалқаро илмий-амалий конференция. – Т.: ТДЮИ, 2005.

40. Ниёзова С. Таваккал қилиш ва жиноий, фуқаровий-ҳуқуқий жавобгарлик масалалари. // Фуқаролик қонунчилигининг ривожланиши ва долзарб уаммолари. Ҳалқаро илмий-амалий конференция. – Т.: ТДЮИ, 2005.

41. О судебной практике применения некоторых норм Гражданского кодекса Республики Узбекистан. Авторы: Группа анализа по обобщению судебной практики Хозяйственного суда. // «Хозяйство и право». – № 8, 2003.

42. Раҳманқулов Ҳ.Р. Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик кодексининг биринчи қисмига умумий тавсиф ва шарҳлар. – Т.: «Иқтисоди§т ва ҳуқуқ дун§си», 1997.

43. Раҳманқулов Ҳ.Р. Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик кодексининг иккинчи қисмига шархлар. – Т.: «Иқтисоди§т ва ҳуқуқ дун§си», 1998.

44. Раҳманқулов Ҳ.Р. Хозяйственный договор: социально экономическая сущность и отдельные виды. – Т.: «Фан», 1993.

45. Раҳманкулов М.Ҳ. Роль и сущность гражданско-правового договора в условиях рыночной экономики. – Т.: «Фан», 1994.

46. Рахимов А. Тадбиркорлик шартномалари бўйича жавобгарлик масалалари. – Т.: «Адолат», 2001.

47. Рахимов А. Тўлов интизоми ва жавобгарлик.//«Хўжалик ва ҳуқуқ». – № 6, 2003.

48. Рахманкулов Ҳ.Р. Договорные отношения в агропромышленном комплексе. – Т.: «Фан», 1989.

49. Синдаров К. Фермерлар ҳуқуқини ҳимоя қилишда шартномаларнинг ўрни. – Т.: Адолат, 2001.

50. Тарков В.А. Ответственность по Советскому праву. – Саратов, 1973.

51. Ўзбекистон юридик энциклопедияси. Муаллифлар жамоаси. – Т., 2008.

52. Файзиев Ш.М. Теоретические проблемы гражданско-правовой ответственности за вред, причиненный окружающей природной среде. // Актуальные проблемы и тенденции развития гражданского законодательства. Международная научно-практичесвая конференция. – Т.: ТГЮИ, 2005.

53. Шодмонов Ф.Ю. Зарар шартнома мажбуриятлари бузилганлиги учун жавобгарликнинг асоси сифатида. //«Хўжалик ва ҳуқуқ». – № 6, 2003.

54. Шодмонов Ф.Ю. Контрактация шартномасини бузганлик учун жавобгарлик. // «Хўжалик ва ҳуқуқ». – № 8-9, 1997.

55. Шодмонов Ф.Ю. Хўжалик шартномаларини бузганлик учун фуқаролик - хуқуқий жавобгарчиликни амалга оширишда прокурор назорати. – Т.: «Ўқитувчи», 2000.

56. Шодмонов Ф.Ю. Хўжалик шартномаларига оид қонун ҳужжатлари ва шартномалар намунавий шакллари тўплами. – Т.: «Адолат», 1998.

57. Шодмонов Ф.Ю. Шартнома мажбуриятларини бузганлик учун солидар жавобгарлик. //«Қонун ҳимоясида». – № 9, 2001.

58. Шодмонов Ф.Ю., Рахимова Ю. Шартнома мажбуриятларининг бузганлиги учун жавобгарлик тушунчаси ва аҳамияти. // Ўзбекистон қонунчилиги таҳлили. – №2, 2006.

59. Zokirov I.B. Fuqarolik huquqi. Darslik. 1-qism. – T.: TDYuI, 2006.